


KUSIYA ZVOSE

 Mungagara henyu pasi. Ndanga ndiri kuda kuti manheru akanaka kunemi mose. Ndiri kunyatsofara kuva pano manheru ano. Ndinotora uno semukana mukuru kuva pano, chechi ino itsva yakaisvonaka, kunamata Ishe. Tanga takatarisira izvi, kuuya kuno, kwekanguva, panguva yokuyanana nevanhu, pamwe nokufadzwa neparopafadzo, uye tichivimba kuti tichava chiroprafadzo kwamuri imi vanhu. Zvino apo svondo rave kutanga kuendera mberi zvino, uye uko tinoziva kuti musangano wave kusvika zvino, kutanga China.

² Uye ndangonzwa masikati ano, neHama Williams, kuti pachava nechishamiso chikuru neChina manheru. Hama Oral Roberts vachange vainesu, kuti vagotaura, Chitatu manheru. Ichi chichave chishamiso chikuru kwazvo kunesu tose, nokuti Hama Oral zvirokwasvo mutauri ane chisimba. Uye zvichange zvakanaka kuvaona, pachangu, zvakare, nokuvabata chishanu.

³ Zvino usiku hwapfuura taive paTempe, paAssembly of God, ndinotenda kuti ndipo, kumusoro uko. Uye—uye takava zvirokwasvo nenguva inoshamisa usiku hwapfuura paTempe. Uye tanga tiri kuwana nguva yakanaka mukereke yose yatakashanyira muno munzvimbo yePhoenix, uyewo nekumusoro kuTempe. Zvino tinokosha zvinhu izvi zvikuru, zvokuti tinotadza kuzvitsanangura.

⁴ Kashoma kandinowana mukana wokuita zvakadai, kungouya kweusiku umwe mukereke yoga-yoga, nokusvikotaura nevanhu pamwe nehama dzinoshumira. Zvino zvinondipa mukana muduku wokukwanisa kuratidza kuyemura kwandinoita vanhu ava, masangano aya akasiyanasiyana nemapoka evanhu. Nokuti, ava, ndivo vanotsigira zvikuru nemari pabasa rokushumira kunze, kubasa reshumiro dziri kunze kwenyika nekweise, zvino seizvi ndinowana mukana muduku wokuti ndiratidze manzwiwo andinoita pamusoro pavo, ndichivatenda.

⁵ Zvino tanga tiri pamwe nevanozvimiririra uye ne... ndinotenda, church of God, Assemblies, nevamwe vose; uye, mhiri kwemakungwa, veFoursquare, church of God, Assembly of God, neveJesus Name. Zvino, vose, vanongoita sevamwe kana tauya pamwe chete kuti tozova nomusangano ikoko panzvimbo dzokurwira hondo. Uye, munoziva, kuno kumusha panogona kuva nedzimwe pfungwa dzatinogona kupesana padziri, asi kana tasvika panorwirwa hondo, seizve, hapana mutsauko zvachose. Maona?

⁶ Ndakakurira mumhuri yakakura. Paive nevana gumi. Zvino isu vakomana taienda kuseri kwemba, tonorwisana, o, zvangu

ini. Vakomana vapfumbamwe, musikana mumwe chete, uye tainyatsorwa. Asi hapafanira kuwana aidenha mumwe wedu, kumberi kwemba, nokuti, vakadenha mumwe chete, vaizowana maBranham achibva nemativi ose. Saka ndinofunga kuti ndizvo zvazviri nevana vaMwari, Kereke.

⁷ Pano mamwe makore akapfuura, ndaive muHouston, zvino tainge tichiva nemusangano mukuru. Uye neuko pamwe... Ndaiva nevakawanda vainditsigira nemari ikoko; Hama Raymond Richey, ne-neAssemblies of God, neva-nevanhu veJesus Name, nevamwe vose vakasiyana-siyana. Zvino tainge tichiva nemusangano mukuru. Zvino taive tiri paMusic House. Saka, maigara zvimwe kuda zviuru zvisere, ndinofungidzira kudaro.

⁸ Zvino paiva nemushumiri we-weBaptisti aida kundipikisa mumangange egakava, pamusoro peBhaibheri, kuti kupodzwa naMwari hakuna kunaka. Saka, ndakambopinda mune zvakawanda zvakadaro. Ko ndingagorasikirwei hangu nousiku umwe nomunhu mumwe asingatendi, ipo paine zviuru zvigere apo zvevanoda kunamatirwa, maona? Saka akazoisa mupepanhau, kuti ini ndanga ndiri kutya kuzviita.

⁹ Zvino mutana Hama Bosworth, aive oda kusvika makore makumi masere, akati, "O, regai ndizviite."

¹⁰ Zvino ndakafunga pamusoro paKarebhu, munoziva, "Regai nditore gomo iri." Saka ndakati, "Hama Bosworth, ini-ini handidi kuti multe gakava. Kristu haadi kuti isu Makristu tiitirane gakava. Kana murume uyu asingatendi, ko, anongori munhu asingatendi, ndizvo zvoga. Hapana zvaunogona kuita nezvazvo."

¹¹ Zvino nokudaro akati, "Saka, zvazviri," ndokuti, "kana tikasiya, mushure mokunge vazviisa mupepanhau," ndokuti, "vanozoti tinongoriwo rimwe boka, munoziva, hatisi kuziva zvatiri kutaura, anongori manyawi oga." Akati, "Ndinoshuva kuti mumbondipa mukana wacho." Zvino ndakavatarisa vamirepo, vave nemakore oda kusvika makumi masere, uye vakanyatsogutsikana muGwaro iroro.

¹² Ndakati, "Zvakanaka, Hama Bosworth, kana muri kuzondipa ruoko rwenyu nokundivimbisa kuti hamusi kuzoita gakava."

¹³ Vakati, "O, handisi kuzoita gakava." Saka vakadzika zasi kwemasitepisi, kunotaurira mutapi wenhau.

¹⁴ Uye saizvozvo, munongoziva maburitsirwo azvinoitwa mumapepanhau, munoona. "Minhenga yezvezvinamoto ichabhururuka," munoziva.

¹⁵ Takawana nhandare yemitambo, yestampede ground, zvino usiko ihwohwo taive nevanhu vanogona kusvika zviuru makumi matatu vaine vauya. Zvino zvakazoratidza ipapo,

kuti vanhu vakanga vauya nendege, zvitima. Ndinokutaurirai, vaive vakatasva ngamera dzine nyundwa imwe, ngamera dzine nyundwa mbiri, nengamera dzine nyundwa nhatu, asi vose vaive vari kunwa kubva patsime iro apo pane nzvimbo yedu tose, rimwero. Zvinhu zvose zvaive pamwe chete. Uye zvinoenda . . . Ndichangobva kuwana maropafadzo makuru kubva pane izvozvo, pandazvifunga zvino. Munoono, panonyatsouya kumanikidzwa, paiva nechinhu chimwe chete chataiwirirana, tose taitenda muMweya Mutsvene nekupodzwa naMwari. Saka munhu wose akauya kuzopa mugove wake.

¹⁶ Uye nokudaro tinoziva zvakaitika manheru iwayo, kuti Mweya Mutsvene wakatora simba pamusoro pezvose. Zvino ndipo apo Mutumwa waJehovha akadzika pasi. Vakatora mufananidzo. Zvino—zvino wakabva ipapo ukaenda kuWashington D.C., kuti unosimbiswa. Zvino, mushure meizvozvo, yakatorwa kunoongororwa nezvimwe. Uye George J. Lacy, mukuru weFBI, akanyora gwa—gwaro nezvawo. Uye ndiye mukuru wezvematsamba ezvidhindo zvevminwe we—weFBI. “Zvirokwazvo chaive Munhu womweya. Chiedza chakarova pagirazi. Zvakanga zvisiri zvepfungwa.” Akati, “Ndaigaroti zvemisangano yenyu zvaive zvepfungwawo, zvakare. Ndaifunga kuti mainge muri kuverenga pfungwa dzevanhu ava.” Akati, “Asi ziso remuchina wemufananidzo harikwanise kutora zvepfungwa, VaBranham. Chakarova girazi.” Akati, “Chiripo pano.”

¹⁷ Saka, nokudaro, Chakatorwa. Chakambotorwa mberi kweizvi, uye kakawanda mushure maizvozvo. Kungoti, ndinotenda nokuziva. Vanhu vazhinji pano vakaona mufananidzo uyu. Hamuna here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndinofungidzira, o, vazhinji venyu munawo. Ndinofara zvikuru kuzviziva.

¹⁸ Kunyange hako kufamba kwepentecosti mumazuva ano okupedzisira kwakataurwa nezvako, asi, ndinokuudzai, mukutora nhoroondo yeBhaibheri . . .

¹⁹ Ndichangopfuura nemunho—nhoroondo yekereke, makore akati kuti okupedzisira, kubva parufu rwemuapostora wokupedzisira, John, pachitsuwa che . . . paakabva paChitsuwa chePatmos, ndokuuya ndo—ndokupedzisa kunyora maBhuku nokuAisa pamwe chete. Akaiswa ikoko nokuda kwekuti akanga ari kutora Zvinyorwa zvavaapostora achigadzira Bhaibheri kubva kwaZviri. Ndicho chikonzero akaendeswa kuChitsuwa chePatmos. Mushure mokufashaidzwa mugirizi zuva rose nousiku hwose, shure kwazvo ndokuzomuisa pachitsuwa. Zvino akabatanidza maBhuku pamwe chete. Uye kunze kwezvo, Mwari vakamupa Bhuku rokupedzisira muBhaibheri, Zvakazarurwa.

²⁰ Zvino ndichidzoka, ndakatangira ipapo panhoroondo yake, tevere kune yake . . . mumwe wevateveri vake, Polycarp, Ignatius,

nevamwe vakawanda, zvichidzika kusvika kuna Marteni, Ireneo, Justus, Mutsvene Columba, zvichienda, zvichidzika nemuzera rerima, zvichipfuurira, ndokukwira kusvika muma—maLutherani, naWhisiri.

²¹ Zvino ndakasvika pakuona kuti, kunyange mumazuva ava apostora, mukushanda kwese kukuru kweMweya Mutsvene, hakuna kana rimwe rawo rinobwinya zvingadarika kufamba kwaShe kuno uku kwekupedzisira, pano mumazuva ano okupedzisira. Hatizvicherechedze izvi, vashamwari. Pane zvinhu zviri kuitika zvino zviri kuratidza Mwari, semufananidzo uya wa—waKristu, unotori nesu, wavakanga vasina michina wokuuitisa, mumazuva iwayo. Asi zvino munhu anoedza kuita chimwe chinhu, kuti ave anobvisa kuna Mwari, zvino Mwari vanatora kubudirira kumwe cheteko oZviratidza nako. Saka zvinongo . . .Hauzofi wakaenda mberi kwaMwari, nokuti Ane masimba ose, ari kwese-kwese, haana magumo. Hapana nzira yokubva pazviri. Tinongofanira kuzvininipisa toMushumira, ndicho chinhu chakanakisisa chandinoziva kuita.

²² Ndiri kunyara, asi handitendi kuti ndinoziva zita remufundisi, wemukereke ino. Ndi . . . [Hama Griffith vanotaura zita ravo—Mupepeti.] Hama Griffith, zvirokwasvo ndinofara kusangana nemi, hama, uye nenguva yokuuuya pano neungano iyi, kuzova nemi, ku . . .

²³ Tinofarira nguva dzose kutaura seizvi, kune avo vari kushanya muSunny Slopes, nokuti tiri vapfuuri pano, nevatorwa. Tinopupura kuti uno hausi musha wedu. Tiri mbeu dzaAbrahama, “Vari kutsvaka Guta iro Muvaki neMuvambi waro ndiMwari.”

²⁴ Ino inyika yakaisvonaka. Handifunge kuti kune imwe yakafanana nayo, yandati ndamboona. Mukufamba potse munyika dzose dzepasi pano, zvino hapana yandakamboona muEurope, Italy, Asia, kwese munyika dzekuMabvazuva, ingamboenzaniswa nePhoenix, Arizona. Zvino, ndizvozvo. Ndiyo nzvimbo yakanakisisa yandati ndamboona. Asi, o, ichange ichiratidzika kunge kuseri kwemusha, padivi rezvazvichange zviri muMireniyamuru huru iyi. Saka tiri—tiri . . .

²⁵ Uno hausi musha wedu. Tiri kungoshanyawo pano, zvino tauya kuti tizova neyanano iyi pamwe chete.

²⁶ Maropafadzo kwandiri kuve pano ndichiona kereke yaMwari ichibudirira, chivakwa chitsva, nezvimwewo. Mwari vakuropafadzei nguva dzose imi vanhu! Ivai makatendeka kuna Kristu. Garai makatendeka kumufudzi, pamwe nokushanda pamwe chete, vanhu vose vakabatana, nokuti ndinotenda kuti Kuuya kwaShe kwave pedyosa.

²⁷ Zvino, tisati taenda kuShoko, ngatiendei kuMunyoru mumunamato, apo tinenge takakotamisa misoro yedu kwenguva shoma.

²⁸ Tisati tanamata, apo misoro nemoyo yenyu yakakotamiswa, pane here imo muno ane chikumbiro chemunamato, uchizivise neruwoko rwakasimudzwa, imo mumoyo mako une chinhu chauri kuda, zvino iti, “Ishe Jesu, ndirangarireiwo”? Ishe vanoona ruoko rwese. Ndine chokwadi.

²⁹ Baba vedu voKudenga, tinofara zvikuru nokuti tinokwanisa kuKudanai kuti “Baba,” Musiki mukuru wematenga nyenika, Elohim mukuru, El-Shaddai, Mupi-weSimba, Muraramisi, Uyo akazvikwanira. Uye kubudikidza neMwanakomana weNyu anodikanwa, Akatiudza: kana tikauya kwaMuri, tokumbira chero chinhu, tichishandisa Zita raKe, kuti Iye aizoono kuti tazviitirwa. Zvino, Baba, tinotenda kuti izvi zvine zvirango. Kana tikakumbira chinhu chakashata, hatiwane kutenda kwekutenda kuti tinopindurwa. Asi kana tikagona kunzvera moyo yedu manheru ano, hatisi kukumbira chinhu chakashata, asi icho chakanaka, icho, chokuti muchatiregerera zvisi zvedu zvose pamwe nokudarika, nokuti chokwadi, Ishe, ndicho chinhu chokutanga.

³⁰ Hatidi kuedza kupinda muHupo hweNyu tiine chivi patiri. Nokudaro, tichizviziva kuti, zuva roga-roga, matambudziko nezvinhu zvinotikanganisa, zvatinogona kutotadza kucherechedza mukufunga kwedu, asi, kana tasvika pakufunga pamusoro paMwari mutsvene, Uyo wokuti kana Ngirozi dzakasviba mumaziso aKe, zvino tinobva taziva, Ishe, kuti hatina kana mukana kunze kwekunge tauya nemuRopa raJesu Kristu, zvararo tinova vana vaMwari. Kukanganisa kwedu hakuzotarisiwi, patinokureurura.

³¹ Uye ndinonamata, manheru ano, Baba, kuti Mugaropafadza ungoro ino avo vasimudza maoko avo. Munoziva zvanga zvisi seri kwerumwe norumwe rwemaoko aya: pfungwa, chishuwo, ne—nechinangwa nevavariro zvavaasimudzira. Ndinonamata kuti Mugopa mumwe nomuwe chikumbiro chake.

³² Uye zvino, Baba, tinonamatira kereke ino. Tiri kufara zvikuru, kuti, nzvimbo ino. Kana tikaverenga shure mumazuva okutanga, apo Makristu akanga akavengwa zvikuru, zvokuti havaikwanisa kuva nekereke. Kutu, vakanga vari varombo zvikuru, zvokuti havaitombokwanisa kuvaka kana imwe dai vaive nayo, uye nokuona zvakadaro kana kuti kuwana mukana wokuzviita. Uye zvino, nhasi, tinoona zvivakwa zvikuru, zvakana zvisi kusimuka, zvakachena, uko kune vanhu, vanokwanisa kuuya kuzonamata Mwari. Tinotenda zvikuru nokuda kwazvo. Uye nokuda kwekuzvipira uko, vanhu, nezvegumi zvavo nemupiro ne—nemari yetsigiro, zvakavaka imba ino yaShe.

³³ Zvino, Mwari, Baba, ndinonamata kuti Muzoropafadza mufundisi wayo, madhikoni ayo, matirastii ayo, nenhengo yose inouya pano. Dai ikakura, ichikura, ichikura. Uye

dai, kubva pakereke pano, patanga rumutsiro rwakare rwuchatsvaira mumupata, nekweise-kweise. Dai pakava nemashura nezviratidzo zwichabva mukereke ino, zvekupodzwa, ruponiso. Dai ikava imba inopa chiedza kunyika yose. Zviitei, Ishe.

³⁴ Dai, kubva panzvimbo ino, pabva vaparidzi vakanaka, varume vechidiki, kudana kwaMwari muupenyu hwavo, kuenda kunoshumira vari kunze, chero kwavanenge vadanwa. Zviitei, Ishe.

³⁵ Zvino manheru ano, apo takaungana pamwe chete, dai Mweya Mutsvene auya, apinda muShoko, agodyara Mbeu mumoyo wose uri muno. Dai isu nokutenda tikaIdiridzira, siku nesikati, kusvikira Yakura kuva miti mikuru kuti Mwari vapiwe mbiri.

³⁶ Podzai munhu wose ari kurwara, Ishe, uyo ari pano manheru ano. Ponesai munhu wose akarasika. Dzosai avo vose vakadzokera shure. Uye vandudzai pamwe nokuzadzazve avo vakambozadzwa kare. Zviitei, Ishe, nokuti izvi tazvikumbira nemuZita raJesu Kristu, Mwana weNyu. Amen.

³⁷ Iye zvino, ndakangoti sarirei shure kwenguva, senguva dzose. Kuno kwanga kuri kunze zvishoma manheru ano kudarika zvandanga ndichitarisira kuti kuve.

³⁸ Saka tichange, mangwana manheru, tiri pane imwe nzvimbo. Ndinofungidzira kuti vatozvizivisa kare. Uye zvino, kana muine shumiro mukereke yenyu pano, mangwana manheru, musauyako. Asi kana musina shumiro, tingafara kuva nemi. Tinoda nguva dzose kuti vanhu vagare panzvimbo dzavo dzebasa, zvisinei zviri kuitika. Kana kereke yakazaruka, musoja wose anofanira kunge ari muhurongwa ari munzvimbo yake.

³⁹ Zvino saka tiri pano tichishanya uye tiri kuwana nguva yakanaka, pasati pava nekonivenisheni yema—maBusiness Men. Uye sokufanozivisa kwandazviita, Hama Roberts vachange vari pano kuzarura musangano, weChina manheru. Tichafara zvikuru kusangana neHama Roberts. Uyezve ndinofunga, zvichida Chishanu, Hama Velmer Gardner vachange vari pano. Handizivi kuti vachange vachizotaura here manheru iwayo, kana kuti kwete.

⁴⁰ Uye ndinofunga kuti mukana wangu wandapiwa, kuvako mangwanani eMugovera, pakudya kwamangwanani. Uye kana kuri kuda kwaMwari, kuti nditaure mangwanani eMugovera, ndinoda kutora musoro wemharidzo, kana zviri izvo, kana kuri kuda kwaMwari: *Murume Ane Moyo Wakaomesesa Wandati Ndambosangana Naye*. Saka, zvino—zvino zvadaro, Svondo masikati, ndiri kuzotaurazve. Saka kana uri. . . Zvino, mangwanani eMugovera, hakuna shumiro, sokuziva kwangu. Uye Svondo masikati hakuna shumiro, sokuziva kwangu.

41 Zvino, ndisati ndatanga, ndakanganwa kuti nda . . . Kwete. Ndinotenda kuti Billy ati apa ose aya makadhi omunamato anga asara. Ndizvo here? Pane here makadhi omunamato apiwa pano manheru ano? Zvakanaka, agovera chikamu chawo, kune imwe kereke, zuro manheru, nokuti nda—ndanga ndiri kuchengeta vanhu kwenguva yakareba.

42 Ndinoti paridzei kwenguva yakareba, maawa matanhatu kana masere, zvimwe zvakangoda kudaro, pane dzimwe nguva, kana ndichinge ndatora nguva yangu. Zvino, handi . . . Manheru ano, handitarisire kuparidza zvinodarika chidimbu chepakati chawo. Kungo . . . Saka ndafunga kuti tigopa makadhi omunamato, zvino taizo . . . maigona kuzoenda kumba pakati pousiku, zvakadaro, saizvozvo mushure mokunge tava nemutsara wokunamatira. Saka, ndokunge zviri chikamu chepakati chazvo. Uye handizivi zvakawanda, asi zvinongonditorera nguva refu kutaura zvandinoziva. Saka, zvandinoziva, ndinoda kunyatsozvitaure zvakakanaka kwazvo, ndinonyatsotora nguva yangu pazviri, munoziva. Zvakanaka. Ndanga ndiri kungotyisidzira, nokuti ndi—ndichaedza kubuda, mamwe maminitsi makumi mana nemashanu, kanawo imwe, kumutsara wekunamatira.

43 Ndinongori neduku, Gwaro rimwe pano manheru ano randiri kuda kuverenga, ndотора musoro wemharidzo, uye ndinonamata kuti Mwari vachariropafadza. Kana muchizoda kuriverenga kana masvika kumba, riri muna Mariko, chitsauko 10 uye ndima 28.

Zvino Petro akatanga kutaura kwaari achiti, Tarirai, isu takasiya zvoze, tikakuteverai.

44 Iye zvino, ndinoda kutora musoro wemharidzo, kuti ndigovaka mharidzo duku ipapo, yokuti: *Kusiya Zvoze*. Uye zvino, munguva shoma, tichazonamatira varwere. Uye zvino, imi munoziva Mariko, chitsauko 10, kuisa hwaro. Kungo . . . Jesu ainge ari kumbotaura, kumashure, nezvekurambana.

45 Uyewozve Akava nechimwe chinhu chaikatyamadza chakaitika. Paive nejaya mupfumi rakauya kwaAri richimhanya, ndokuti, “Tenzi Wakanaka, ndoitei kuti ndiwane Upenyu Usingaperi?”

Zvino vakamuudza, “Chengeta mirairo.”

46 Mujaya akati, “Ndakazviita izvi, kubvira ndichiri muduku. Kana kuti, mirairo ipi?” Zvino Akamuudza zvayaive. Zvino akati, “Ndakazviita.”

47 Akati, “Asi pane chinhu chimwe chausina. Kana uchida Upenyu Usingaperi, iva wakakwana, zvino wotengesa zvoze zvauinazvo ugopa kuvarombo. Tora muchinjikwa wako ugoNditevera.”

48 Ngatiteverei mujaya uyu kwenguva shoma tisati tapinda mumharidzo, kuti tiise hwaro.

49 Zvino, munoona, mujaya uyu akakumbirwa kuti asiye zvose, asi akaramba kuzviita. Zvino pane dzimwe nguva tikati pundutso neupfumi, nezvimwe zvakadaro, “kubudirira,” asi mujaya uyu aive mujaya akabudirira asi zvakadaro akanga asina Upenyu Usingaperi. Saka, dzimwe nguva, budiriro haireve nguva dzose kuti Mwari vari kuropafadza.

50 Asi ngatimuteverei. Tinomuona pano muhujaya hwake, ari muduku, pamwe muchinda ane chiso chakarurama, ari wechidiki, akanyatsopfeka. Bhaibheri rinotaura, kuti, “Jesu akamuda.” Anofanirwa kuva nehana yakarurama, yakanaka, nyoro. Anofanirwa kunge ari chimwe chinhu cha—chakanaka, kana kuti haaigona kunge akayemurwa naIshe Jesu. Nokuti, Jesu paAkamutarisa, “Akamuda.” Aifanirwa kunge airatidzika kuva netsiye nyoro, nemaratidzikiro akanaka, muchinda akachena, mukomana ane hunhu. Zvino akaenda kuna Jesu, kuda achifunga, mukuperera, ndokuti, “Ndinoda kuziva zvandingagona kuita kuti ndive neUpenyu Usingaperi.”

51 Zvino paaifanira kusiyana nezvaaive nazvo, kuti awane Upenyu Usingaperi, zvino mubvunzo wakanga wava pamukova, kana uri unozvikwanisa. Zvino mubvunzo iwo uyu uri pamberi pedu tose. Uye Jesu akanyatsomukumbira kuti asiye zvose zvaaive nazvo, atore muchinjikwa wake, agoMutevera. Zvino tinoziva nyaya yacho. “Akabvapo akasuruwara, nokuti aiva neupfumi hwakawanda.”

52 Zvino Jesu akatendeuka, ndokuti, “Zvakaoma sei kuti munhu akapfuma apinde muHumambo hweDenga, sengamera kuti ipinde nemuburi retsono. Asi izvozvo hazvikwanisike nemunhu, asi,” Akati, “naMwari hazvikundike.”

53 Ngatiteverei jaya mutongi uyu. Nguva inotevera patinomuwana, muBhaibheri, haana. . . ipapo paakangoramba mukana wokutevera Jesu, pazvakataurwa kwaari nenzira yakaomarara.

54 Munoona, tinoda kubatirira kune zvose zvatinogona, tozotevera Jesu. Asi pane dzimwe nguva Jesu anoda kuti tigosiya zvose, kuitira kuti tigova nemaoko ari maviri paAri. Dzimwe nguva tinofunga kudaro, nokungoda kwekuti—kwekuti takabaturira.

55 Zvinondirangaridza chimwe chinhu chiduku chandinowanotaura, nezvevanasikana vangu vaduku. Havachisiri vaduku zvino, zvino vatove zvisikana zvakura kwazo. Asi, pavaive vaduku. . . Mumwe wavo ndiRebekah; ndiye mukuru. Zvino, Sarah, ndiye muduku wacho. Zvino Becky ane maziso eblue, uye Sarah ane ebrown. Asi vose vari maviri vanasikana vababa, munoziva. Zvino vanomirira kuzondiona ndichisvika pamba, uye nguva dzose vanofarira kundiona.

Zvino Becky akaita sokunge . . . aive ari musikana ainge murefu, ari mutete. Zvino Sarah akanga ari munhu muduku, achinge mupfupi, ari muduku-duku.

⁵⁶ Zvino vakanga vakandimirira pandaizouya kumba, umwe usiku. Ndaive ndisipo ndiri kumisangano, zvino vaiziva kuti ndaizouya kumba, saka vakafunga kuti vombimirira kwekanguva. Zvino kana ndauya kumba, vainge vachida kundiona. Saka, murume wemajecha anofanira kunge akavamwaya jecha mumaziso, vakabva vabatwa nehope. Zvino pakupedzisira vakaenda kunorara, mukamuri yavo.

⁵⁷ Zvino ndakazopinda nguva yapera. Saka ndakapinda, ndakanyatsoneta, ndokunorara. Zvino mushure memisangano, nezvimwe zvakadaro, ndinoneta zvekuti handizokwanisi kukotsira, mushure memavhiki mashoma emusangano. Zvino ndakarara kwemaawa maviri kana matatu, ndokumuka, ndokuenda mu—mukamuri yokutandarira, ndokungogara zvangu muchigaro. Ndakanga ndigere imomo muchigaro, mangwanani ngwanani.

⁵⁸ Mushure mechinguva, Becky akapinduka, munhanga yake, ndokucherechedza kuti kwakanga kwaedza. Akatarisa nemukamuri yekutandarira, zvino akandiona ndakagaramo pachigaro. Akabva auya achibva pamubhedha, nokugona kwake kwese, makumbo aye maduku, akatetepa, marefu achindimhanyira.

⁵⁹ Saka, zva—zvakamutsa Sarah. Zvino handizive kana vana venyu vachizviita, kana kuti kwete, asi, vangu, unotora chinhu cheanenge ari mukuru, zvino wechipiri anopiwa dzemukumurirwa. Zvino Sarah akanga akapfeka mapijama aRebekah, makumbo ari makurusa, munoziva, akanga akakurisa kwaari. Zvino, iye, akabuda mumubhedha ndokuuya, mazikumbo aya makuru achibhururuka. Zvino haana kugona kuenderana naRebekah.

⁶⁰ Saka Rebekah akamutangira kusvika kwandiri. Ndokusvetukira pamakumbo angu, ndokundimbundira nemaoko ake ari maviri, sokunge . . . Aive paibvi rangu rerudyi, uye makumbo ake marefu akange akasvika pasi. Aive akagadzikana zvakanaka.

⁶¹ Zvinoita sokundirangaridza zvemamwe masangano makuru okutanga, munoziva, akazovapo. Munoziva, anga ari pano kwenguva refu, sokunge ane makumbo marefu, nezvakadaro, vakanyatsogadzikana.

⁶² Zvino heunoi Sarah ndokuuyawo, kereke duku, ine makore mashoma, munoziva, isati yambovapo kwenguva yakareba. Zvino akaita sokuona kuti Becky akanga amutangira—amutangira ipapo.

⁶³ Saka Rebekah akanga akandimbundira nemaoko ake. Akatarisa-tarisa. Ndokuti, “Sarah, munun’una wangu, ndinoda

kuti uzive chinhu chimwe chete.” Akati, “Ndini ndatanga kusvika.” Zvino ndokuti, “Ndatora baba vose, zvino hapasisina zvasarira iwe.” (Vanoedza kutitaurira zvakadaro, munoziva, nguva dzose.) Akati, “Ndini ndatanga kusvika, zvino ndatora baba vose, uye hapasisina zvasarira iwe.”

⁶⁴ Sarah muduku anonzwise urombo akadonhedza musoro wake pasi. Muromo wake muduku ukadonhera pasi. Akatanga kudzokera, zvino aine misodzi mumaziso aya makuru ebrown. Zvino Becky akanga akaisa musoro wake pabendekete rangu, sekunge kundimbundira.

⁶⁵ Ndakatora munwe wangu ndokuutambanudza *sezvizvi*, kuna Sarah, ndokusairira rimwe gumbo kunze. Heunoi wouya, ndokusvetukira pane rimwe gumbo, zvino, sei, a—a—akange asingakwanise kuzvidzikamisa. Makumbo ake maduku akanga asingasvike pasi. Asi aive pagumbo rangu, zvakadaro. Maona? Nokudaro akanga ari kungogabhagabha *saizvozvi*.

⁶⁶ Zvino, kumuita kuti asazodonha, ndakatora maoko ari maviri ndokumumbundira, *sezvizvi*, kuti ndimubate. Zvino ndakanga ndakamubata ari pedyo neni, zvino iye ndokuisa musoro wake muduku pandiri kwekanguva.

⁶⁷ Akasimuka ndokutarisa kuna Becky, ndokuti, “Zvino, Rebekah, mukoma wangu,” ndokuti, “Ndinoda kukutaurira chimwe chinhuwo, zvakare.” Akati, “Zvinogona kuve saizvozvo kuti watora baba vose, asi ndinoda kuti uzive kuti baba vanditora zvandiri zvose.” Saka ndizvozvo.

⁶⁸ Saka zvakangoita sezvatinoda. Hatidi...Tinoda kuti agotitora zvati zvose. Saka, nokudaro, munazvose, kuzviita, tinofanira kungofamba uko nokutenda tichitenda maAri, ndizvo zvoga, uye nokungovimba. Hatikwanise kuzvitsanangura. Hapana nzira yekuzvitsanangura. Tinongozvitenda, nokuzvitora saizvozvo.

⁶⁹ Jaya mupfumi uyu, haana kuzvipa kuna Kristu, saka akabva ndokuenda. Zvino tinozomuona, munguva yakatevera, kuti akanga...Akanga abudirira zvikuru, kusvikira matura ake akange anyatsozara, kusvikira akati, “Mweya wangu, chizorora hako.” O, akange abudirira, zvose. Aive nezvakawanda, hapana chaishaya.

⁷⁰ Asi pane chakaitika. Nguva yakatevera patakazomuona, aive achisimudza meso ake ari mugehena, ndokuona mupemhi nekure ari muchipfuva chaAbrahama. Zvakadaro nokuda kwekuti akanga asiri kuda kusiya zvose, kuti atevere Ishe Jesu.

⁷¹ Zvino, pakaitika izvi, uye jaya mutongi harina kuda kusiya zvaraive nazvo, kuti ritevere Jesu, zvinofanira kunge zvakabva zvajekera Petro. Ndinotenda kuti ndiye ane zvaakataura, kana kubvunza mubvunzo, akautaura. Zvino akati, “Zvino, takasiya zvose, kuti tiKuteverei. Takasiya zvose. Onai zvatakaita.

Takasiya misha yedu. Takasiya mhuri dzedu. Takasiya minda yedu. Takasiya zvose zvataive nazvo, kuti tiKuteverei.”

⁷² Pane zvakatanga kumujekera. Zvimwe kuda akanga abatikana zvakanyanya nebasa, achiona Kristu, nezvimwe zvakadaro, zvokuti iye. . . Zvakanga zvisati zvamujekera, kuti akanga asiya musha wake. Akanga asiya mhuri yake. Akanga asiya baba vake, amai vake. Akanga asiya zvose zvaave nazvo, kuti atevere Jesu.

⁷³ Asi ndizvo chaizvo izvo Mwari zvavanoda: siya zvose woVatevera. Ndizvo zvinodiwa naMwari. Tinofanira kuzviita nesuwo. Dzimwe nguva tinofanirwa kusiya pfungwa dzedu. Kana pfungwa dzedu pane chimwe chinhu dzichipesana neShoko raMwari, tinofanira kusiya pfungwa dzedu totevera iYe. Zvino nzira yoga yatinogona kuMutevera kutevera Shoko raKe, nokuRiteerera. Uye chikumbiro chaMwari nezvinodiwa naMwari ndezvokuti tisiye zvose tobva taVatevera.

⁷⁴ Asi mukudaro, tinoona kuti, dzime nguva, tinofanirwa kusiya shamwari dzedu. Nguva dzakawanda chinhu chakaoma kuchiiita, zvino, vanhu vazhinji, pavanotanga kuuya muna Kristu vobva vazadzwa neMweya. Pamwe, semadzimai, vange vaine tongoti imwe pati uko kwavange vari kuenda, pane usiku *hwokuti-nohwokuti* hwakatsaurwa, uko kwavainge vachinotamba bunco munharaunda. Vachizivana neva—vavakidzani vose, nevamwe vakadaro, nokuva nhengo yemasosaiti emunharaunda, uye vanoenda, kunotamba bunco. Zvino madzimai aya, munoziva, vane zvavachataura pamusoro pazvo. Havasi kuzozvinzwisisa. Nyangwe, zvakadaro, unofanirwa kusiya chinhu ichocho, nokuti hazvina kunaka kutamba njuga, kutamba makasa. Zvino unofanira kusiya izvozvo kana uchitevera Kristu.

⁷⁵ Dzimwe nguva madzimai, mumakereke edu, vajaira kupfeka hanzu dzisina hunhu, sezvika budura, ne—nemahovhorosi. Zvino Bhaibheri rakati, “Chinyangadzo kuna Mwari, kuti munhukadzi apfeke zvakadaro.” Mudzimai, zvisinei kuti anofungei, anofanirwa kusiya izvozvo. Dzimwe nguva tinoona madzimai, pavanouya muNzira vowana ruponeso, apo vange vakajaira kugera vhudzi ravo. Uye vanenge vachida kuva nemukurumbira senyika yose. Asi vanozone kuti, chinhu chakaoma, nokuti vanozokudana kuti uri wechinyakare, pose paunopfeka seMukristu, uchiita seMukristu, uchirarama seMukristu. Vanokuti wave wechinyakare, asi unofanirwa kusiya zvose, kuti uMutevere.

⁷⁶ Jesu akati, kana kuti Magwaro anoti, “Uyo anoda nyika, kana zvinhu zvemunyika, rudo rwaMwari harutombori maari.” Ndizvo. Zvinotora, kusiya zvose.

⁷⁷ Ipapo, paunenge wakagadzirira kusiya zvose woMutevera, zvino, “Kana ukagara maNdiri, uye Shoko raNgu riri mauri,

unokwanisa kumbira chose chaunoda zvino uchazviitirwa.” Asi, haukwanise, uchiziva kuti zvinhu izvo zvakashata. Unoziva kuti zvakashata.

⁷⁸ Bhaibheri rinopesana nazvo: kutamba makasa, kuputa fodya, kunwa doro, kupfeka hanzu dzinonyadzisira. Uye, zvararo, wozviti uri Mukristu. Kana mweya uri mauri usingazvipomere, zvino pane chakatsveyama nemweya uri mauri. Nokuti, Mwari aVo vakanyora Shoko iShoko. Uye Shoko riri mauri, zvino Rinokupomera. Rinotofanirwa kuzviita. Zvino kana risingazviite, uri kunyengerwa. Ko Mweya Mutsvene ungangore sei zvimwe zvinhu, zvino iwe wotendeuka wota zvinoapesana naRo, zvino woti Mweya Mutsvene ari kukutungamirira? Haukwanise kuzviita. Saka, kuputa fodya, kunwa hwiski, kutamba makasa, kugera vhudzi, kupfeka zvikabudura, zvimwe zvinhu zvose izvi, zvakatsveyama, chivi chakatsveyama, uye hakuna kwaunosvika kusvikira wazvirega.

⁷⁹ Zviri kuverevedza zvichipinda mukufamba kwedu kwePentecosti. Munonyadzisa imi. Munofanira kunge muri kunyara. Ndosaka tisingakwanise kuva nerumutsiriro rweyasi rose. Ndosaka tisingakwanise kuva nerumutsiriro rwepentecosti. Pane zvakaitika. Ndizvozvo. Taregedzeka, zvino zvinhu zvave kuitika izvo zvisingafanire kunge zviri kuitika. Nokudaro munofanira kusiya zvose, kuti mutevere Kristu.

⁸⁰ Unofanira kusiya zvako, pfungwa dzako. Unofanira kuenderana neShoko raKe. Uye hazvizomboitiki kuti Mweya Mutsvene arambe rimwe reShoko raAkambotaura. Zvino Bhaibheri rakanyorwa neMweya Mutsvene. Bhaibheri rakadaro. Zvino kana... MaShoko emuBhaibheri ndiMwari. “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari, Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

⁸¹ Zvino Shoko raitwa Mweya, uri kugara matiri, “Nokuti Ndichave nemi, kunyange mamuri, kusvika kumukombero wenyika, pakuzadzikiswa.” Zvino, Mwari mumwe chete akanyora Bhaibheri ari mauri. Hausi muridzi wako pachako. Wakafa kuzvinhu zvenyika. Wakafa kupfungwa dzako, zvino mufungo uyo... “Pfungwa yakanga iri muna Kristu ive mamuri.” Ipapo, zvino wave kusiya zvose, kuti uMutevere. Kwete pfungwa dzako iwe; zvaAnotaura. “Kwete kuda kwangu; kweNyu, Ishe.” Zvino unobva watanga kupinda mumutsara weShoko raMwari.

Tinogona kugarapo kwenguva yakareba, asi ndichangoti mhanyirei pamberi zvishoma.

⁸² “Asi,” unoti, “chii chandinowana zvino, ndasiya zvose? Ndasiya zvose, chii chandinowana?”

⁸³ Unogona kutarisira nyika kuti ichakuseka. Unogona kutarisira nyika kukudana mazita ose ekukuzvidza.

Vanokudana chose chavangakwanisa kukudana. Uchashorwa pamwe nokurambwa.

⁸⁴ Jesu, nokuda kwekuva kwaKe Emanueri, Mwari vachigara maAri, zvakaMuita kuti asanyatsonzwisika kukereke yaKe kusvikira kereke yaKe yakaMudzanga paAkangotanga kupindamo. Ndivo vakaMurembedza pamuchinjikwa. Ndivo vakaMupomera. Iye aida vanhu. Moyo wake wose waida vanhu. Asi Aitofanira kutosiya zvole, kuti agotevera Mwari.

⁸⁵ Uye nesuwo tinofanira kusiya zvinhu zvole, kuti tigotevera Mwari.

“Zvino, chii chandinowana somubairo?” Hatitarisire.

⁸⁶ Dzimwe nguva ndinofunga kuti isu vashumiri tinoita kuti zvinyanzise kuita sezvakareruka kune vanenge va—vatendeuka. “O, uya kuna Kristu, zvinhu zvole zvakarurama.” Asi, munoono, hazvina kudaro, munzira, zvekutaura uchiti zvinhu zvole mutserendende. Nokuti, hakuna Mukristu. . .

⁸⁷ Bhaibheri rakati, “Vose vanorarama zvine humwari muna Kristu Jesu vachatambudzwa.” Saka kana—kana usiri kutambudzwa nokuda kwaKristu, zvinoreva kuti pane chisina kuita zvakanaka.

⁸⁸ Kana Dhiyabhorosi asiri kukudzingirira, anenge akubata. Ndizvo zvoga, nokuti kana ari kukudzingirira, ndicho chiratidzo chokuti haasati akubata. Asi kana asisiri kukudzingirira, ndicho chiratidzo chokuti akubata. Yeah. Saka chingorangarira, kana achiri kungokusimudzira dutu, uchiri nhano shoma mberi kwake, zvino chingoramba uchienda mberi.

⁸⁹ “Asi vose vanorarama zvine humwari muna Kristu Jesu vachatambudzwa.” Akati, “Farai, uye mufarisise, saizvozvo vakatambudza vaporofita vaiva mberi kwenyu.” Ndizvozvo.

⁹⁰ Usaende nechiso chakadonhera pasi, uchiti, “Saka, dai ndisina kunge ndakazviita. Ndinofungira, ivo—ivo, handikwanise kuzvigamuchira kana mumwe munhu achitaura nezvangu, achiti ndiri wechinyakare, ndiri *izvi, izvo, nezvozvo.*”

⁹¹ O, u—unofanira kunge uri kufarisisa, uchifara nokuda kwazvo, nokuti unogona kutakura kuzvidzwa kweZita raKe. Zvino nokuchengeta mirairo yaKe, zvaka kuita kuti udaro.

⁹² Asi ndinoda kutaura izwiwo, zvakare. (Tokurumidza, nokukurumidza kwese kwatinogona.) Mwari havazombofi, kunyange zvoita sei, vave nechikwerete kune mumwe munhu. Mwari havambofi vakaita chikwereti kune mumwe munhu. Kana wakazviitira Mwari, ukasiya zvole, Mwari vanokuripira zvaka petwa chiuru. Ndizvo. Mwari vanokubhadharazve. Ukasiya zvinhu zvenyika, nyenika, nezvinhu zvemunyika, zvino Mwari vanokubhadhara kakawanda.

⁹³ Vangani vari zvapupu kune zvakadaro, pano manheru ano? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka, tinoziva tose kuti Mwari vacharipira.

Zvino ngatitorei vanhu vashoma vakasiya zvose.

⁹⁴ Ngatitorei, kutanga, baba vokutenda, Abrahama. Abrahama akasiya nyika yake, musha waive nawo, nezvimwe zvose. Akadanwa kubva muKaradhiya, muguta reUri. Akasiya nyika yake, musha wake, vanhu vake, nezvose, ndokutevera Mwari. Aitofanira kutosiya zvose, kuzvisiya shure. Akasiya nyika yake—yake, musha wake zasi Mukaradhiya, muUri. Akasiya musha wake, zvino Mwari vakamupa nyika yose yechipikirwa. Mwari vanodzorerwa zvaberekana kakawanda. Vakamupa. Ikoko nezuva iroro, paVakasangana naye, Vakati, “Simuka, Abrahama. Tarisa kumabvazuva, mawodzanyemba, madokero, chamhembe. Ndiri kuipa yose kwauri. Yose ndeyako.”

⁹⁵ Ndiro dambudziko rine Makristu manheru ano. Mwari vanotipa, asi tintya kuzvinzvera. Kana wave Mukristu, uri mudyi wenhaka yevimbiso yose iri muBhaibheri. Ndizvozvo. Zvihu zvose zvakavimbiswa naMwari, ndezvoko. Zvakafanana nechitoto chikuru, zvino neMweya mumwe takabhabhatidzwa muchitoto ichi, chinova Kristu. Saka, kana ini . . . Kana mumwe munhu akandipa chimwe chinhu, ndichachitarisa-tarisa kuti ndigoona kuti ndinei.

⁹⁶ Ndinofunga kuti ndizvo zvinofanira kuitwa neMakristu manheru ano. Tsvakai kuti munei. Kana chimwe chinhu chikange chati kwirirei kumusoro, zvokuti handikwanise kuchisvikira, ndinotora manera ndokwira kusvika kwachiri. Uye kana chimwe chinhu chikaita sokunge chisingasvikirike, muBhaibheri, icho Mwari vakavimbisa, ndinoramba ndiri pamabvi angu ndokwira manera aJakobho dzamara ndachisvikira, nokuti ndechangu. Mwari vakachipa kwandiri.

⁹⁷ Kana kupodzwa naMwari kwakavimbiswa muBhaibheri, uye ndichirwara, ndichagarapo kusvikira Mwari vandipa, nokuti ivimbiso. Mwari vakavimbisa kuti ndikasiya nyika, vanondipa Mweya Mutsvene. Ndinoramba ndiripo kusvikira VaUpa kwandiri, nokuti VakaUvimbisa. Kana Mwari vakavimbisa kundipa chishuwo chemoyo wangu, uye chishuwo chemoyo wangu chiri chinhu chakanaka, ndinogarapo kusvikira Mwari vandipa, nokuti ivimbiso. Uye ndasiya nyika yose. Ndinoda kufamba ndichiMutevera, uye Anobhadhara. Ndinozviziva kuti ichokwadi. Ndizvo chaizvo.

⁹⁸ Chii chaakaita? Akasiya munda wake, nyika yake. Zvino Mwari vakamupa dunhu rose, kana kuti yose, nyika yose ye . . . yePalestine. Akasiya kanzvimbo kake kaduku zasi ikoko, kuda eka imwe chete apo paiva neimba yake, uye imba yake tsaru, kuti agowana zvose zvaiva muPalestine. Zvakanaka.

⁹⁹ Asi chinhu chaakatotanga aita kwaive kuzvipatsanura. Akazvipatsanura kubva kuvanhu vake, vadikanwi vake vose, avo vaaimbowadzana navo kare vaipota a—achimhanya navo kwese-kwese, shamwari dzepahukomana hwake dzaibva muBhabhironi, pamwe naye, pamwe nevose vakoma nevanin'ina vake, nehanzvadzi, pamwe neshamwari dzake dzose dzaaiziva, avo vaaiwadzana navo. Mwari pava kamudana, Vakati, “Zvipatsanure kubva kuhama dzako. Ibva kune vose.” Zvino, zvakanga zvakaoma, asi akazvipatsanura kubva kuhama dzake dzose. Sei? Nokuti havana kugona kuwirirana naye.

¹⁰⁰ Ungagona here kufungidzira vachiwirirana? Mutana ari pano, ane makore makumi manomwe nemashanu, aine mudzimai ane makore makumi matanhatu nemashanu, achiti, “Munozivei? Ndasangana naMwari kunze uko uye Vanditaurira kuti ndichazova nemwa—mwa—mwana zvino, naSara.”

¹⁰¹ Ko handiti, ivo, shamwari yake chiremba, aigona kunge akati, “Mutana arasika pfungwa.” Asi akanga atotenga kare zvipeneti zve manapukeni, nezvimwe zvose, achimugadzirira, nokuti aiziva kuti akanga achazova naye. Ndizvozvo. Hapana zvimwe. Sei? Mwari vakamuvimbisa. Ndizvo. Uye kana hazvo boka iri revanhu raida kumuseka zvino vachifunga kuti akanga arasika pfungwa!

¹⁰² Vanodaro kumutendi wose. Mbeu yose yaAbrahama ine chinhu chimwe chete. Ndizvozvo. Pane dzimwe nguva kereke yako inogona kukudzanga. Makirabhu ako, nzvi—nzvimbo dzaunenge uri nhengo, ruwadzano rwako rwemunharauda, avo vaunowadzana navo. Dzimwe nguva mukomana wako kana musikana wako anokuramba. Asi Mwari vanoda kuti iwe usiye zvose, kuti uVatevere. Siya zvose zvinopesana naVo, ugoVatevera.

¹⁰³ Zvino, Abrahama, achisiya vanhu vake, chii chaakazowana mushure mazvo? Chii chakauya kunze kwaizvozvo? Akazova iye baba wamarudzi akawanda. Mwari vakamuita baba wemarudzi akawanda. Nokuda kwezvishoma zvaakasiya, zvino chionai zvaakazova. Jesu akati, “Uyo achasiya... Ini, achawana vanababa, vanaamai, nezvimwe zvakadaro.” Onai zvakanikwa naAbrahama, nokuda kwekusiya zvose nokuMutevera. Hongu, changamire. “Baba wemarudzi akawanda.”

¹⁰⁴ Asi, kutanga, akatozvipsanura kubva mukusatenda kwese, kunyange kubva kuhama yake yaive yakatonhora, ichidziya, nhengo yekereke, Roti. Aitofanirwa kuzvisiya iye pachake, nokuda kwaizvozvo.

¹⁰⁵ Chinhu chose chine kusatenda machiri, unofanira kuzvipatsanura; chose hacho, kana iri dzidziso, kana uri mukereke, uye zvose zva uri kuvimba nazvo iri idzidziso, uye usingatendi Shoko, uye kana Shoko richipesana ne... Dzidziso

ichipesana neShoko, unofanira kuiramba. Unofanirwa kuramba zvose.

¹⁰⁶ Zvino Mwari havana kumboropafadza Abrahama kusvikira aVateerera zvizere. Abrahama aida kuenda pamwe nababa vake, zvino mutana uyu akava muzambiringa munyemba, nguva dzose. Pakupedzisira, akazofa. Zvino, Roti, pakava negakava nezvose. Zvino apo Abrahama akangoteerera Mwari zvizere ndokuzvipatsanura, ndokurega Roti achienda kunyika yaive yakanaka, kwese kwaaida kuenda, zasi muSodhoma, zvino Mwari vakazviratidza kuna Abrahama, ndokuti, “Simudza maziso ako. Ndinopa zvose kwauri.”

¹⁰⁷ Abrahama ndiye akazvipatsanura. Ndiye akapatsanura zvose, kuti atevere, kuti atevere Mwari. Zvino ndiye baba voKutenda. Ndiye watinotenda kuva uyo wakatendeka. “Vimbiso yakapiwa kuna Abrahama neMbeu yake. Isu kana takafa muna Kristu tiri mbeu yaAbrahama, vadyi venhaka pamwe naYe maererano nevimbiso.”

¹⁰⁸ Israeri yakasiya Egipita. Vakasiya nzvimbo dzakare zasi uko muEgipita. Kuti vagamuchirei? Palestine. Vakabva kunzvimbo yakashata zasi uko muEgipita, vatariri vebasa.

¹⁰⁹ Zvino pane vanhu vakawanda nhasi uno, madzimai echidiki kunze uko mumigwagwa, vari kuputa fodya, kunwa doro, sezvatakaona pano pa—paredhiyo, pane rimwe zuva. Mapurisa aya akatozouya ndokusunga boka riya remadzimai echidiki kuzasi uko, kunze mumugwagwa, vakange vopengereka nemweya wadhiyabhorosi, wakavabata kuti vaite booglie-wooglie itsva iyi, hameno kuti vanochiti chii, zvino kunze uko mumugwagwa, vakavhiringika mupfungwa dzavo. Maona? Zvirokwazvo, kana mudzimai wechidiki aine chidimbu chehunhu maari, iye kana mujaya, mumwe wavo, chinhu ichocho mutariri webasa anovatuma kuti vaite izvozvo.

¹¹⁰ Iwe siya izvozvo, zvino Mwari vachakupa mamwe matambiro. O, zvangu ini! Vachazviita zvemazvirokwazvo. Vachakupa mamwe, kana ukangosiya ayo. Asi unofanira kusiya zvinhu zvose izvo, kuti uve nawo. Haukwandise kuenderera mberi nazvo zviri zviviri.

¹¹¹ Akawana Palestine, Abrahama akaiwana, kana kuti Israeri yakaiwana. Akawana Palestine senyika. Vakasiya nyika tsaru zasi uko, ndokuwana Palestine, nyika yaiyerera nehuchi nemukaka. Hongu, changamire.

¹¹² Chii chavakasiya? Vakasiya zuva raipisa, vari pasi pevatariri vebasa muEgipita. Chii chavakawana, nokuti vakasiya zuva raidziya zasi uko? Vakafamba muChiedza cheShongwe yeMoto. Vakasiya zuva riya raipisa zasi uko, kuti vazofamba muChiedza cheShongwe yeMoto yaMwari. Kwaiva kutsivanisa kwakadini! Ndinoda kutora kutsivanisa uku. Hamungadarowo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Shongwe yeMoto.

Kufamba muchiedza chezuva, uko kwavaishanda pasi pevatariri vebasa; kuuya kunze uko kunofamba muChiedza chaMwari, pasi pesimba reMweya Mutsvene, Shongwe yeMoto yakanga iri kuvatungamira kunyika yechipikirwa.

¹¹³ Ndizvo zvimwe chetezvo nhasi. Famba uchibuda muchiedza cheniyika ino, zvinhu izvo zviru zvemunyika, kuti ugofamba muChiedza chaMwari. Chinokutungamira kunyika yechipikirwa.

¹¹⁴ Vakasiyawozve mapoto egariki emuEgipita, mapoto enyama zasi muEgipita. Chii chavakawana pavakasiya mapoto enyama? Vakadya chikafu cheNgirozi. Mana yakaburuka kubva kudenga, kuti itore nzvimbo yegariki.

¹¹⁵ Zvino, kana usina chimwe chawakambodya kunze kwegariki, rega ndikuudze chimwe chinhu, Mwari vane Denga rizere neChikafu cheNgirozi, chokuti udye. Ndizvozvo.

¹¹⁶ Chikafu cheNgirozi, ndicho chavakawana panzvimbo chazvo, panzvimbo yegariki remuEgipita.

¹¹⁷ Vakasiya mvura dzine matope dzemuEgipita. Chii chavakawana kunze uko? Kunwa kubva paDombo rakarohwa murenje, remvura dzaMwari dzakachenesesa. Vakasiya mvura dzine matope dzemuEgipita, mvura dzemasangano dzakabvondoka dzine matope.

¹¹⁸ Ndiyo nzira yatinofanira kuita nayo pane dzimwe nguva nhasi. Siya dzidziso yakare nesangano, rinoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Vanhu avo vanopenga. Vanongori boka revapengereki.” Siya chinhu ichocho kumashure, ugouya kuno kuzonwa paTsime rizere ne . . . rakatora kubva mutsinga dzaEmanueri, apo vatadzi vakawira pasi pemafashama vanosukwa makwapa ose emhosva yavo. Hongu, changamire.

¹¹⁹ Siya mvura iyo ine matope, yakavhengani swa nekupokana, nekushushikana, negakava, nebopoto, nezvimwe zvoze, uye moenda manheru monova nokudya kwamanheru kwemuto, mofashaidza huku moitengesa masenzi makumi mashanu, pandiro, kuti mubhadhare muparaidzi. Apo, dai maiuya pano pasi pemirairo yaMwari, nemitemo mitsvene yaMwari, mofamba naMwari, munobhadhara chegumi chenyu, zvino muparaidzi anozorarama zvakanaka, kana mukangotora nzira yaMwari yokuzviita. Ndizvo. Mvura dzakare dzine matope; kuti vanwe kubva muDombo.

¹²⁰ Vakavasiya vanachiremba vaizvikudza vemuEgipita, vachiti, “Ndisu vanhu vakangwarisa pasi rose nhasi.” Vakasiya vanachiremba vaizvikudza, kuti vagova naChiremba Mukuru. Amen. Ndinoda kuona mumwe chiremba nhasi anoita zvakanambitwa naChiremba mukuru. Vanhu ava vakanga vari murenje kwemakore makumi mana, vakabuda vasina kana mumwe aiva neutera pakati pavo. Pakanga pasina kana munhu aiva neutera pakati pavo, kwemakore makumi mana. Paiva

nevanhu vaidarika mamiriyoni maviri vakabuda panguva iyoyo. Ko vana vangani vanoberekwa usiku hwoga-hwoga? Vangani vairwara? Uye vaka . . .

¹²¹ Ndinoda kuenda kuna chiremba Mosesi, ndotarisa munhava yake, ndione kuti mushonga wakadini waaivapa. Hamungadiwo here kuzviona? Ndinofungidzira pane vanachiremba vakawanda vanoda kuona mushonga uyu. Zvakanaka, ndinogona kukuudzai. Ndakauverenga. Mungada here kuti ndikutaurirei kuti chii? “Ndini Jehovha ndinopodza zvirwere zvenyu zvoze.” Ndizvo zvoga zvaave nazvo. Ndizvo zvoga zvaaida, nokuti vakasiya vanachiremba vaizvikudza, kuti vazova naChiremba Mukuru. Hongu, changamire.

¹²² Vakasiya zasi uko, vanhu vaiti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Hakuchisina chinhu chinonzi zvishamiso, zvachose.” Vakasiya izvozvo, kuti vaitei? Ko vakazoitei? Kuti vagova ipo chaipo panoitika zvishamiso, zuva roga-roga. Amenii.

¹²³ Vanhu nhasi vanoti ivo hakuna chinhu chinganzi ishura, pane chakavhiringika mupfungwa dzavo. Ndizvozvo.

¹²⁴ Mumwe munhu akandiudza, pane imwe nguva, akati, “Handimboiti hany’n’a nezvawaita. Handina hany’n’a. Handikwanise, zvisinei huwandu hweumboo hwauinahwo,” ndokuti, “Handitombozvitendi.”

¹²⁵ Ndikati, “Kwete zvemazvirokwazvo. Hauzombozvioni. Wakaisvopofomara zvokuti hauzvioni.” Ndizvozvo. Ndakati, “Hazvisi zvevasingatendi. Ndezve vatendi. Vatendi vanozviona.” Ndizvozvo.

¹²⁶ Muchinda akati kwandiri, pane imwe nguva, asangana neni munzira, akati, “Unokanganisa paDzidziso yako.”

Ndikati, “IBhaibheri.”

¹²⁷ Akati, “Unokanganisa.” Akati, “Nokudaro, ndinopesana newe.” Ndokuti, zvararo, “Ndirove nehupofu. Pauro akarova munhu nehupofu pane imwe nguva.” Ndokuti, “Ndirove nehupofu.”

¹²⁸ Ndikati, “Ha—ha—handikwanise kuzviita. Uri bofu nechekare. Hongu. Waka...Ko ndingagoita sei izvo baba vako, dhiyabhorosi, akatoita kare?” Ndizvozvo. “Uri bofu nechekare.” Munhu anotaurea zvakadararo, aka—akapofomara, haazive mutsauko wezuva nerima. Haakwanise kunzvera pakati pezviviri izvi, Upenyu kana rufu. Ndiko kunyatsova bofu. Hongu, changamire. Hongu.

¹²⁹ Chiremba mukuru akanga ainavo, uye vakaona mashura achiitika. Ichokwadi.

¹³⁰ Vadzidzi, chii chavakasiya? Vaiva nemambure, mambure ehove. Vakasiya mambure avo ehove, kuti vafambe naYe, uye nokuona zviratidzo zvaKe, nemashura, neSimba raKe, rokuva Mhesiya. Uyo aitadza kusiya zuva rimwe rokuredza

hove, kuti atevere zvakadaro, pane chakatsveyama. Vakasiya mambure avo, azere nehove. Vakatanga kudhonza, zvino ndokubata dzinodarika dzavakanga vati vambobata. Vakasiya zvose zvazvo, kuti vaMutevere, nokuti vakatenda mumoyo mavo kuti Akanga ari Mhesiya. Uye vaida kuMutevera, kuti vagoona kana zviratidzo zvaizoMutevera saMhesiya. Zvino vakakwanisa kuzviona.

¹³¹ Ini ndingatosiya chinhu chose chiri munyika, handina basa kuti chii, kuti ndione Jesu Kristu Achizviratidza, kunyanya pazvinoratidzwa muupenyu hwangu, ndoziva kuti ndabva murufu ndichipinda muUpenyu, uye ndinoziva kuti Iye ndiMhesiya. Ndinoziva, nokuMutora paShoko raKe, kuti Akandiponesa kubva paupenyu hwezvivi. Uye ndinoziva kuti Mweya Mutsvene unogara mandiri. Ndinoona zviratidzo zvaKe, kwese-kwese, zvichinongedzerako. Ndinoziva kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Kusiya zvose, ndine chido chekusiya chinhu chipi hacho.

¹³² Ndaiva wesangano rakanaka, kereke yakanaka, imwe yedzakanakisisa dziri munyika. Asi vakati, “Billy, wave kuzorasikirwa nepfungwa dzako zvino wobva wava mupengereki.”

¹³³ Pakarepo, ndakati, “Chitobvai henyu matotora kadhi rangu rehuhengo iko zvino, nokuti ndave kuzotevera Mweya Mutsvene.” Ndizvozvo. Ichokwadi.

¹³⁴ Zvino unofanira kusiya zvinhu zvose, ndizvozvo, kuti uMutevere. Asi uyo anosiya zvose, oMutevera, Mwari vanobhadhara muhuwandu hwemaropafadzo emuhupfumi. Hapana chingaenzaniswe nazvo. Zvakanaka.

¹³⁵ Zvino, vadzidzi vakasiya mambure avo, nemambure aive azere nehove, raive basa ravo. Vakasiya basa ravo, kuti vatevere Ishe Jesu, kuti vaone simba raKe, vagoona chiratidzo. Varume ava vaive varume vakadzidziswa. Vanoziva zvinofanira kuitwa naMhesiya. Vakange vaverenga, umo muBhaibheri. Vainzwisisa chaizvo zvaifanira kuitwa naMhesiya. Vaiziva kuti yakanga yakwana nguva yokuti zviitike. Zvino pavakaona Murume uyu achisvika, Uyo aikwana mumufananidzo, zvino vakanga vagadzirira kusiya zvose, kuti vateerere kune zvaAizotaura. Nokuti, kana aive Mhesiya, zvaireva Upenyu kwavari, nokuti vakanga vakokwa kuti vaMutevere. Nokudaro vakasiya zvose.

¹³⁶ Ndizvo zvazviriwo nhasi, kana *Izvi* zviri zvemazvirokwazvo, kana Mharidzo ino yerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene mumazuva ano okupedzisira, apo Akati Aizodurura dzose mvura dzokutanga nedzekupedzisira pamusoro pedu. Kana zvinhu izvi zviri zvemazvirokwazvo, Zvakakodzera kusiya zvinhu zvose. Zvitevere.

¹³⁷ Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, asi achararama. Uye

ani naani anorarama pamwe nokutenda maNdiri haazofi. Uyo anotenda kwaNdiri, mabasa Andinoita naiyewo achaita zvakare.” Ichokwadi.

¹³⁸ “Endai munyika yose, kuchisikwa chose. Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. MuZita raNgu vachadzanga madhimoni, vachataura nendimi itsva, vachabata nyoka. Vakanwa zvinouraya, hazvivakuvadze. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pevarwere, vachapora.” Ndizvo zvaAkataura.

¹³⁹ “Sezvo Baba vakaNdituma, neniwo ndinokutumai.” Baba vakatuma Mwanakomana, vakaenda neMwanakomana, uye vari muMwanakomana. Jesu anotuma munhu, anoenda naye, uye ari maari, kuti aratidze pamwe nokuita mabasa mamwe chete. “Tarira, Ndinemi nguva dzose, kunyange kusvika kumagumo enyika. Uye mabasa Andinoita nemiwo muchaitawo zvakare.”

¹⁴⁰ Hama, izvi hazvisi zviri nani here pane zvitendwa nezvinhu zvemunyika, uye nokuva nhengo yeavo uko vanoramba zvose Izvi! Handiti, tinofanira kunge tiri vanhu vanofarisisa muno munyika, kuona Mwari mupenyu achifamba-famba pakati pedu sezvizvi; tichiziva kuti takasiya zvose, kuti tiMutevere. Amen. Zvinoita kuti ndinzwe manyukunyuku ekushumira. Kusiya zvose, kuti utevere Ishe Jesu. Zvimwe chete nhasi, unofanira kusiya zvose. Sezvakaita kareko, unofanira kuzviitawo, zvakare.

¹⁴¹ Zvino, chitaura pamusoro pemumwe munhu achisiya chimwe chinhu, ngatitarisei zviri, zvaJesu, Jesu zvaakasiya nokuda kwedu. Jesu akasiya zvose. Aiva nemusha Kudenga. Zvino Akasiya musha waKe Kudenga, ndokuuya panyika, uye akanga asina kana nzvimbo yokuisa musoro waKe. Ndizvozvo. Akaderera zvikuru, kusvika haana...murombo zvikuru, zvokuti akange asina kana mubhedha wokurarira. Akati, “Nhungubwe dzine mwena, uye shiri dzine mhapo... dzemumhepo, dzine matendere, asi Mwanakomana wemunhu haana kana nzvimbo yokuisa musoro waKe.” Maona? Asi Akawane nokuda kwaizvozvo? Akasimudzirwa kumusorosoro kusvikira Anototarisa pasi kuti aone denga.

¹⁴² Akauya munyika, ndokutora zita repasi-pasi raigona kutorwa munyika. Aiva nezita repasi-pasi, ndokutora zita repasi-pasi, ainzi Bheerzebhuri. Bheerzebhuri... PavakaMuona achinzvera mweya ipapo saizvozvo, vakati, “Muuki. NdiBheerzebhuri, dhimoni.” Kuuka idhimoni. Zvino vakamudana kuti dhimoni, repasi pane ose. Aiva nezita repasi-pasi.

¹⁴³ Akaenda kuguta raive pakaderesesa. Zvino murume aive mudukusa muguta akatarisa pasi ari pamusoro paKe; Zakeyo, ndizvo—ndizvo chaizvo, paJeriko. Pasi-pasi, ichokwadi akazviita. Aiva nezita raive repasi-pasi pane ose panyika. Akauya panyika achinzi “ndewe upombwe,” vakaMudana

saizvozvo, nokuti vainyatsotenda kuti Mwana akanga aberekwa kunze kwemuchato mutsvene. Ndizvo zvaAkasanganidzana nazvo, pakutanga. Tevere odanwa zita rokuti Bheerzebhuri, repasi-pasi raigona kuwanikwa. Akasiya nzvimbo yaKe yokumusoro kumatenga, ndokuuya kuzatora izvi.

144 Asi Mwari vakaMupa Zita riri pamusoro pezita rose rinodanwa Kudenga, zita rose rinodanwa panyika, kusvikira mhuri yose yoKudenga nepasi inodanwa kunzi Ishe Jesu. Hariruya! Ndizvo chaizvo. Akasiya; Akapiwa mubairo. Zvirokwazvo, Akazviita. Zvakanaka.

145 Akauya panyika, Musiki wematenga nenyika, uye Akanga asina chokudya. Satani akaMuyedza, achitsanyira isu, asi Akawana chikafu icho vamwe vakange vasingazive.

Rimwe zuva Akataura kudaro. “Ndine chikafu.”

Vakati, “Madii Mauya, kuzodya?”

146 Akati, “Ndine chokudya chamusingazivi nezvacho.” Ndizvozvo. Aiva neChikafu chavakanga vasingazive nezvacho.

147 Pano panyika, Akanga asina nzvimbo yokugara, vakati, hapana nzvimbo, hapana imba, hapana chainge chiri chaKe. Asi munombozivei? Akave Nzvimbo yokugara yedu tose. Mwari vakaMuita Nzvimbo yokugara, yerudzi rwise rwevanhu. Akanga asina nzvimbo yokugara yaKe pachake, asi Iye ndiye Nzvimbo yedu yokugara.

148 Vanga vari kutaura zvakananyanya nezvenzvimo dzekuvanda. O, zvangu ini! Tinayo. Ndizvozvo. Nzvimbo dzokuvanda, kupinda mune mumwe mwena pasi. Zvino vakandiudza kuti, “Mabhambu aya anorova oputitsa zigomba muvhu, rakadzika mafiti zana nemakumi mashanu, kwechinzvimbo chakapoterredza nemamaera zana neanoraudzira.” Handiti, rinotyora mapfupa ose ari mauri, kunyange waive pakadzika chidimbu chemaera uri pasi. Ichokwadi, rinozviita, kwese-kwese. Asi tine Nzvimbo yokuvanda. Kristu ndiye Nzvimbo yedu yokuvanda. Amen.

149 Sezvandakataura pane umwe usiku, vakanga vari, Russia yanga iri kuzvitutumadza nokuzvitutumadza kukuru, kwekuti, “Takaisa munhu mudenga, kutanga.”

150 Ndinopesana nazvo. Isu tanga tinaYe mudenga kwezviuru zviviri zvevakore. Amen. Ndizvo. Hongu, changamire. Murevereri, hongu, changamire, anopinda muDenga, nokudzoka, mukubwaira kweziso. Ichokwadi. Tine Munhu mudenga. Ivo havana chavainacho. Hongu, changamire. Ndizvo. Zvakanaka. Tinoona kuti Akanga asina. . . Akatozova Nzvimbo yokuvanda yedu tose.

151 Akasiya huMwanakomana hwake, pakati paKe naBaba, kuti agova chivi nokuda kwedu. Manga muchizviziva here? “Haana kuziva chivi; akava chivi nokuda kwedu. Zvivi zvedu zvakaikwa

paAri.” Akasiya huMwanakomana, kuti ave chivi, iye zvino anotora vatadzi ovaita vanakomana. Amen. Ndicho chinhu chakanaka, kutora vatadzi nokuvaita vanakomana. PaAkasiya huMwanakomana hwaKe, kuti ave chivi, iye zvino Anotora vatadzi ovaita kuti vave vanakomana. Amen. Mukana mukuru! Hongu, changamire.

¹⁵² Mwari haangachepeswe pachinhu chipi zvacho. Kwete, changamire. Haukwanise kuita izvi, nokuti Mwari vane zvavanoita nezvazvo. Mwanakomana waVo akava chipiriso chezvivi, kuitira kuti Agotenga iye zvino, ota vatadzi ovaita vanakomana vaMwari. Chinhu chakanaka zvakadini ichi. Yeah!

¹⁵³ Zvino, hongu, changamire, A—Akapa simba raKe. Akava nohuteru, kuitira kuti Agova simba redu. Ndiye Simba redu rakakwana. Hatidi rimwe simba kunze kwesimba raIshe Jesu. “Ndiye simba rangu zuva nezuva. PasinaYe ndinowa,” sokutaura kwanyanduri. Zvinoisvoshamisa!

¹⁵⁴ Zvaunosiya; zvaunogamuchira, nokuda kwezvaunenge wakasiya! Zvangu ini! Siya nyika. Siya pfungwa dzako. Siya kupokana kwako. Siya kunetseka kwako. Zvisiye, ugoMugamuchira. Mutende.

¹⁵⁵ Unoti, “Zvino, ndizvo here? Mazuva ezvishamiso akapfuura here?” Siya pfungwa yemhando yakadaro. Zvitende.

¹⁵⁶ Mumwe munhu ati, “Ko Jesu ndiye chaiye Mupodzi here, kana kuti izvi haangori here ma—manyawi ari kupishana mupfungwa dzevanhu ava?” Chingosiya pfungwa iyoyo, kamwe.

¹⁵⁷ “Zvino, ko unoziva sei kuti zvichaita zvakanaka kana kuti kwete?” Ivimbiso. Ndiwo maziviro aunoita.

¹⁵⁸ Unoti, “O, ndinotenda kuti Mweya Mutsvene waive wevanhu vekare, kare-kare, waingori wevadzidzi voga.” O, hazvigoni kudaro. Zvino, kana zvikadaro, Bhaibheri rinenge rozvivingidza pacharo.

¹⁵⁹ Petro akati, neZuva rePentecosti, “Tendeukai, mubhabhatidzwe mumwe nomumwe wenyu muZita raJesu Kristu kuti mugoregererwa zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu, nekuvana venyu, nekune avo vari kure, naavo vose vachadanwa naIshe Mwari wedu.” Zvino ivimbiso yaMwari, yatinogona, avo vose vachadanirwa kuMweya Mutsvene naMwari, une kodzero yokuuya. Chingosiya pfungwa dzako dzeZvazvo, wotora Shoko raMwari rakatemerwa izvozvo.

¹⁶⁰ Unoti, “Kune chinhu chakadaro here, chokuti vanhu vanogona kutaura nendimi, kana kuti humwewo hupenzi, kana kuti kungoropodza kwavanenge vachiita?” Chingosiya pfungwa yako.

161 Jesu akataura izvi, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Vachatura nendimi itsva.” Bhaibheri rakataura kudaro. Hongu, changamire.

162 “Hama, kuti zviratidzo izvi zvandiri kuona mu—mumisangano, angava Mwari here?” Zvirokwazvo, ndizvo. “Zvakanaka, ndakaona vanhu vairarama upenyu hwesehwese, zvino vakaenda vakanonamatira vanorwara, vakatopora. Ini . . .”

163 Jesu akati, “Hakuna munhu anokwanisa kuita chishamiso muZita raNgu, angakwanise zvino kutaura zvakaipa nezvaNgu.” Ndizvozvo.

164 Kana munhu ari akatsveyama, achitora chipo chaMwari achiita chinhu chakaipa, Mwari vanozoshanda naye. Asi ndiMwari, chaizvo izvo. Chokwadi, ndizvo. Nokuti iye munyengeri, zvinofanira kuita kuti iwe upenye zvakanaka. Haukwanise kuve ne . . . Nzira yoga yaunokwanisa kuva nechechokwadi . . . Dho—dhora renhema, rinotogadzirwa kubva pane rechokwadi.

165 Zvino munhu wose anoti, “Handisi kuenda kukereke. Handidi kuenda kukereke. Kune vanyengeri vakawanda.” Saka, uri muduku pane zvavari. Uri kuedza kuvanda seri kwavo. Kana ukagona kuenda seri kwavo, uri muduku kwavari. Ndizvozvo.

166 Ndakaverenga chimwe chinyorwa chiduku mupepa pane rimwe zuva, apo imwe harahwa . . . Aive zvole matsi, mbeveve, uye ari bofu, zvino aienda kuSunday school musi weSvondo woga-woga. Vakamubvunza, nezvinyorwa zve mapofu, vachiti, “Unoenderei kukereke? Haukwanise kunzwa zvataurwa nemuparidzi. Haukwanise kunzwa kana chimbo chimwe chete. Unoenderei kukereke?”

167 Zvino akati, “Ndiri kungoda kuti ndizivise munhu wose divi randiri.” Aingoda kuzivisa Dhiyabhorosi nevanhu vose divi raaive. Ndinofunga kuti zvakanaka. Hongu, changamire.

168 Chii chimwe zve chakaitwa naJesu? Akapa ndokuramba Upenyu hwaKe. Akapa Upenyu hwaKe, kuti aponese hwako nehwangu. Nokuti Aka—Akapa Upenyu hwaKe . . . Akanga asina kusungirwa kuhupira. Akazviita nechido. Akanga asina kusungirwa kuzviita, asi Akazviita nechido, nokuti Aikwanisa kukuponesa. Uye zvino ndiYe oga anokwanisa kukuponesa. Hapana chimwe chinokwanisa kukuponesa.

169 Ndinoziva kuti pane rimwe sangano rinoti kereke yavo inokuponesa. “Unoponeswa nekereke.”

170 Unongoponeswa naJesu Kristu kana kuti wakarasika. Hongu, changamire. Hapana chaunogona kuita, hapana chinhu chimwe chaunogona kuita, kunze bedzi kwekutendeuka chivi chako. Jesu Kristu ndiye Muponesi. Hongu, changamire. Akapa, Akapa Upenyu hwaKe nokuda kwako.

¹⁷¹ Zvino, ndinofunga kuti, nhasi . . . Patiri kuvhara, tinogona kutaura izvi. Kutu, tinofanirwa, zvino, kuti tigopa upenyu hwedu pamwe nezvose zvatiri, nokusiya zvinhu zvose zvenyika, zvose zvisina humwari, kusatenda kwedu kwese, nezvose, kuitira kuti tiMutevere sezvakaitwa nevadzidzi. Hamungadiwo here kuzviita? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Muteverei, zvichiitirwei? Kuona zviratidzo zvaKe zvikuru zvekuUya kwaKe.

¹⁷² Zvino, rangarirai, Bhaibheri rinovimbisa, kuti, mumazuva ano okuguma, ipapo panoperera nguva, panova nechimwe Chiedza cheChikristu chinouya. “Mvura dzokutanga nedzekupedzisira dzichauya,” pamwe chete. Muporofita akati, “Kuchava neChiedza munguva dzamadekwana. Pachava nezuya risinganzi zuva kana usiku.”

¹⁷³ Imhandoi yezuva rakadaro? Rinoita sezuva riri kunaya mvura, rine mhute, rakakwidibira. Sezvo zuva riri kupenya, zvirokwazvo, mudenga-denga pamusoro pemhute nemakore kune zuva riri kupenya. Zvino naimomo, mhute yose iyi, zvakadaro rinopa chiedza, kuti muzogona kufamba, nokuona kwekuenda.

¹⁷⁴ Ndizvo zvatava nazvo kwemakore nemakore, kwezviuru zviviri zvemakore. Maona? Takafamba nokutenda, uye takafunga, “Saka, zvakanaka. Uh-huh. Tinotenda, tojoinha kereke, toisa zita redu mubhuku. Zvino izvozvo zvakanaka. Tinotenda. Hationi zvinhu izvi semaonero aAizviita kare mumazuva iwayo, kare-kare uko.” Vakati, “Zvose zvakaenda. Zvadzoka.” Uye zvanga zvakadaro kwe—kwemazana nemazana nemazana emakore, richingori zuva rakakwidibira.

Asi Akati, “Panguva dzamadekwana, kuchava neChiedza.”

¹⁷⁵ Zvino, zuva rimwe chete rinobuda kuMabvazuva ndiro zuva rimwe chete rinonyura kuMadokero. Jesu mumwe chete aka . . . akadurura Mweya waKe kuMabvazuva, pamusoro pevanhu vaya, ndiye Jesu mumwe chete ari mumazuva ano okupedzisira, achidurura Mweya waKe. Wave pavanhu vokuMadokero. Akazvivimbisa.

¹⁷⁶ Akaita vimbiso. Akati, “Sezvazvaiva mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichave mukuuya kweMwanakomana wemunhu.”

¹⁷⁷ Kutu Mwari vakazviratidza mumutumbi wemunhu, ndokugarapo vachidya naAbrahama, vakafuratira tende, ndokuudza Sara zvaafunga, ari mutende. Ndokuudza Abrahama kuti zita rake rainzi ani, uye nezita raSara kuti raive ani, uye kuti vakanga Vachizovashanyira. Zvino Sara haana kuzvitenda, ndokuseka, ari mutende. Zvino Mutumwa akati, “Seiko Sara aseka?” Aive Mutende, ari kumashure kweMurume.

¹⁷⁸ Jesu akati, “Sezvazvaiva muzuva iroro, ndizvo zvazvichave mukuuya kweMwanakomana wemunhu.”

¹⁷⁹ Sezvandinowanzotaura, ndakati zuro manheru, ndinoda kuzvitaure zvakare. Pane mhando nhatu dzevanhu, nguva dzose, sevanhu vaHamu, Shemu, naJafeti, vanakomana vaNowa vatatu. Zvichidzika kwese, kune—kune mhando nhatu dzevanhu. Zvino tinovaisa muzvikwata sezvizvi: usingatendi, mutendi-wekabanga, nemutendi. Zvino ndiwo maitiro azvinoita. Zvakaita zvimwe chete ikoko. Jesu akati, “Sezvazvaive mumazuva eSodhoma, ndizvo zvichange zvakaita muna iwo ano.”

¹⁸⁰ Abrahamama, uyo wakanga asiya zvole, kuti atevere, zvino hezvinoi izvi, kuzasi chaiko. Akanga abata vimbiso iyi kwemakore nemakore, makore makumi maviri nemashanu. Heunoi uyu, ava nezana remakore zvino. Uye ari kumusoro kuno muminda. Zvipfuwo zvake zvave kuondoroka, pasina mvura. Zvino, Roti, agere mutambarakede zasi uko aine zvinhu zvole zvaaida. Zvino heunoi Sara, akambova mudzimai aiva nerunako rwaidarika vole munyika, zvino, heunoi pano, seari kushaiswa.

¹⁸¹ Zvimwe kuda Mai Roti vakanga vaine magadzirirwo evhudzi matsva ewater-head panguva iyoyo, munoziva, nezvimwe zvinhu zvole izvi. Vaigara mutambarakede zasi ikoko. Vaive mudzimai waMeya, uye vaiva nhengo yekereke iye yaiva kereke huru. Hongu, changamire. Uye pasina kupokana vaiva nemasosaiti avo ose. Vakanga vasingatombodi kuisiya, kuisiya, kusvikira vakaramba vachingocheuka. Zvino vakashanduka kuva churu chemunyu nokuti vakanga vachida nyika kudarika madiro avo kuteerera inzwi reMutumwa uya.

¹⁸² Zvino cherechedzai mapoka matatu. Vasingatendi, vaSodhoma, avo vanongori vepakati, nhengo dzekereke dzinongodziya, aiva Roti. Asi vasanangurwa, kereke yakadanirwa kunze aive Abrahamama neboka rake. Apo, Vatumwa ava, Vakauya kupi? Kuna Abrahamama neboka rake. Ndizvo. Vakadzika, vaviri vavo vakadzikako, sevavhangeri vechimanjemanje.

¹⁸³ Tine vavhangeri vakuru vari—vari kuenda kukereke yemasangano nhasi. Mumwe wevarume vakurusa munyika, vatinoziva, ndiBilly Graham. Uye zvirokwazvo ari kunyatsopotitsa Evhangeri kuvanhu ava vari kunze uko, achivadana kuti vabude, “Budai muSodhoma.”

¹⁸⁴ Hatifanirwe kudamidzira “Budai muSodhoma,” kuKereke ino. Inofanirwa kunge yatove kunze, nechekare. Kana yakadanwa neMweya Mutsvene, yakatosiya Sodhoma, karekare. Ndizvozvo. Yakasiya Sodhoma. Iri kugara kunze kuno, Yoga, ndizvozvo, yakapatsanurwa. Iro izwi rokuti *kereke* rinoreva kuti “yakadanirwa kunze, vakapatsanurwa.” Zvino kana wakapatsanura, yako . . .

185 “Ibvai pakati pavo. Musabata zvinhu zvavo zvine tsvina.” Kana wanga usati wazviita, uri zasi muSodhoma; uri nhengo yekereke, unongodziya. Zvino unofanira kuzvipatsanura, wobva kuzvinhu zvenyika, wobuda, worarama zvakachena zvine hutsvene, wofamba mumirairo yaMwari.

186 Rangarirai, Ngirozi mbiri dzakadzika zasi ikoko. Hadzina kuita minana yakawanda. Pane nenji rimwe chete bedzi radzakaita, kwaive kurova vanhu nehupofu pavakanga vauya kwavari.

187 Saka, ndizvo chaizvo zvinoitwa nokuparidza Evhangeri, kunopofomadza vanhu. Zvino vavhangeri vakuru ava nhasi, vatinoziva, vazhinji vavo vanoshanyira kuno kuPhoenix. Uye—uye vavhangeri vakuru vanobva ku...vakabuda vachienda munyika, havaiti minana nezvakaaro, asi vanonyatsopofomadza avo vasingatendi, avo vemuSodhoma, nokuparidza Shoko, rokuti, “Jesu Kristu Mwanakomana waMwari.”

188 Asi, zvino, heinoi Kereke yemweya; kwete kereke yepanyama, kana vemuSodhoma. Asi Kereke yemweya, vanotenda muna Mwari, vakashanyirwa naMwari, sezvakaaitwa Abrahama, zvichidzika kwese. Abrahama mufananidzo wakakwana weMbeu yaAbrahama inouya shure kwake, muKereke, “Vanhu kubva pavaHedheni, kuitira Zita raKe,” Mbeu yehumambo, sokuparidza kwandakaita nemusi weSvondo. Maona? Zvino, Kereke iyi, Yakadanwa kunze, yakapatsanurwa, yakasiya zvose zvemunyika, ndokubuda, kuti ifambe neMweya Mutsvene, sezvakaaita Abrahama.

189 Takaona zvinhu zvakasiyana-siyana, saAbrahama, zvichiuya. Asi ndechipi chaiva chiratidzo chokupedzisira chaakaona magumo erwendo asati asvika? Ndechipi chaiva chiratidzo chokupedzisira mwana uya aitarisirwa asati auya? Abrahama aitarisira mwanakomana. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Tiri Mbeu yaAbrahama here? [“Ameni.”] Zvino tiri kutarisira Mwanakomana, Mwanakomana wevimbo, Mwanakomana waMwari.

190 Zvino Abrahama akaona mabasa aMwari anoshamisa paVakamudana, muChiedza chiya chiduku panguva iya, nechipiriso, ndokusimbisa sungano kwaari. Uye nguva dzakawanda Vakasangana naye nenzira zhinji dzakasiyana-siyana. Asi chiratidzo chokupedzisira chaVakaraitidza Abrahama, ndipo apo paVakauya, vachiratidzwa munyama, ndokugara vakafuratira tende, ndokutaurira Sara.

191 Pasina kupokana Abrahama akatenda kuti aive Mwari. Vamwe vanhu havatendi kuti ndizvo zvaave. Asi, kuti, Bhaibheri rakati aive Mwari. Abrahama akati ndizvo zvaAive. AkaMudana kuti, “Elohim.” Elohim ndiye Musiki mukuru wematenga nenyika.

192 Zvino, Akazviita iye pachaKe, nyama, sechiratidzo, icho chemazuva okupedzisira. Munoono vemuSodhoma, uyo asingatendi? Munoono nhengo yekereke? Zvino cherechedzai Vasanangurwa, vakadanwa kunze. Zvino muMusanangurwa uyu, Ari kuZviratidza musimba reMweya Mutsvene, ari munyama yemunhu. Amen. Hamusi kuona here kuti ndiMhesiya? Mwari, Kristu, achimiririrwa muKereke yaKe; Kereke iri kuita Upenyu humwe chete, ichirarama upenyu humwe chete, ichiita zviratidzo zvimwe chete. “Uyo anotenda kwaNdiri, mabasa Andinoita naiye achaitawo zvakare.”

193 Dai mweya wego—gororo waive mandiri, ndainge ndiine pfuti pandiri. Dai mweya weanopenda waive mandiri, ndaigona kupenda mufananidzo wemupendi, uye ndaigona kuzviita. Dai mweya wamakanika waive pandiri, ndaigona kukuudza dambudziko riri pamotokari yako. Maona?

194 Zvino kana Mweya waJesu Kristu uri mandiri, ndinoita mabasa aKristu, nokuti Upenyu hwaKristu huri mauri. Maona? Huchiratidzwa munaani? Hwakaratidza Ani? Uyo ari... Akasiya huMwanakomana hwaKe, ndokuva chivi, ndokutora zvivi zvedu, kuti Agatora vatadzi ovaita vanakomana. Akava ini, kuti ini ndive Iye. Akava mutadzi, kuti ndigova mwanakomana waMwari. Iye...O, zvi—zvinoshamisa, zvaAkaita. Maona? Akatora nzvimbo yako, kuti ugotora nzvimbo yaKe. “Muri vadyi venhaka pamwe chete naYe; muHumambo.” Akava mutadzi, sewe, zvivi zvako zvakaiswa paAri; kuitira kuti agokutora okuita mugari pamwe naye weKudenga, uye agogara newe pamwe naYe muHumambo hwaMwari. Hezvo izvo: ndokuisa Mweya waKe mauri. Zvino kana Mweya waKe uri mauri, mabasa aAkaita uchaaitawo zvakare.

195 Zvino, tarirai zvaAkaita paAive pano panyika. Ko AkaZviratidza sei?

196 Haukwanise kuenda kwese-kwese, uchigara, nokuenda kuenda kudzimba dzemitambo yepool, uchigara usingaendi kukereke, uye uchigara kumba manheru eChitatu, kuti uone mumwe mutambo unonyadzisira paterevhizheni, kana zvimwe zvakadaro, wosiya kereke yako, nezvimwe zvose zvakadaro, zvino wotarisira kuona Kristu. Unofanira kusiya zvinhu izvozvo, kuti utevere Mweya Mutsvene.

197 Rega Azviratidze saMhesiya, sezvakaita vateveri vopakutanga. Vakamutevera, kuti vaone kana Aive Mhesiya. Munofungei kuti chii chakaitika apo Andrea akagara usiku hwose naYe usiku ihwohwo, iye naFiripi? Mangwanani akatevera, Firipi akaenda neimwe nzira, uye Andreyana nokumwe.

198 Andrea akaenda ndokutevera mukoma wake. Zvino paakangwana Simoni, akati, “Uya, uone. Tawana Mhesiya uya.” Aiziva kuti Aive Mhesiya. Sei? Aiziva zvaizenge zviri Mhesiya. Aiziva, neMagwaro, zvaizova zviri Mhesiya.

¹⁹⁹ Zvino, saizvozvo, maJudha, mumazuva iwayo, vaiva nemamwe maonero, makereke aya makuru. “O, kana Mhesiya achinge ouya, pachava nehvamanda icharira nemuchadenga, zvino Mwari vachatenderedza chimwe chinhu, voita kuti nzira dzeKudenga dzidzike pasi. Zvino pachava nokurira kukuru kwesarutu yeMutumwa pasi rose. Zvino Mhesiya anobva auya, akatasva achidzika nenzira idzi saizvozvi, aine Ngirozi nemabhendi, nezvinhu zvakadaro, obva auya iko kuno kutemberi *ino*, ofamba achipindamo. Achange ari Mhesiya. Achatora mudondoro waKe, otonga nyika.”

²⁰⁰ Chitarirai kusiyana kwazvakaita nepaAkazouya, asi Akauya nenzira yeMagwaro. “Agere pamwana wenyurusi, ndokuuya, akatasva achipinda muJerusarema, muhunyoro nemukuzvininipisa.” Ndizvozvo. Maona?

²⁰¹ Izvozvo zvakatozotendeutsa muporofita, Johane. Akanga aparidza zvaMhesiya ane tsero muruoko rwaKe, achinyatsochenesa buriro raKe; zvino paAkauya, ari muhunyoro nokuzvininipisa. Asi Johane aiziva kuti aive Mhesiya, nokuti akaona Chiedza pamusoro paKe. Zvino akazviziva. Akati, “Uyo wakandiudza murenje, ‘Enda, unobhabhatidza nemvura,’ akati, ‘Uyo waunona Mweya uchiburuka pamusoro pake woramba uripo, ndiYe Uyo anobhabhatidza neMweya Mutsvene nemoto.’” Hapana mumwe akauona. Johane akauona. Vimbiso yaive kuna Johane.

Hakuna mumwe munhu akaona nyeredzi yakateverwa nevachenjeri.

²⁰² Uye ndizvo zvazviriwo manheru ano. Unogona kugara muno, wakapofomara zvakapetwa kaviri, ugotadza kuona simba raMwari. Haukwanise kuzvinzwisisa kusvikira Mwari vazarura ako. . . “Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri, uye hakuna munhu anokwanisa kuuya kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva.” Ndizvo zvoga. Zvatopera.

²⁰³ Zvino tinoona kuti vakasiya zvose, ndokuMutevera ndokuona kuti Aive Mhesiya. Andrea akaenda akanoudza Petro, ndokuti, “Unoziva zvatakaudzwa nababa vedu?” Zvakaita sokudai, zvichida. “Tinozoziva kana Mhesiya auya. Mosesi akatitaurira kuti ‘Ishe Mwari wedu achasimudza muPorofita’ akanyatsofanana naye. Uye tinozviziva kuti, takadzidziswa, ‘Kana paine mumwe pakati pedu, ari womweya kana muporofita, zvaanotaura zvikaitika, zvino munzwei. Kana zvikasaitika, zvino musamunzwe.’ Uye tinoziva kuti Mhesiya achange ari. . .kwete muporofita bedzi. Achange ari Mwari-Muporofita. Saka Murume uyu ndiye Munhu wacho.”

“Unoziva sei, Andrea?”

“Ingouya, uone.”

²⁰⁴ Ndokuendako. Zvino paakangofamba achisvika pamberi paJesu, Jesu akati, “Zita rako unonzi Simoni, uye uri

mwanakomana waJonasi.” Akabva aziva, pakarepo, kuti aive Mwanakomana waMwari.

²⁰⁵ Heunoi Firipi achiuya, naNatanaeri. Natanaeri paakangofamba achisvika kwaAri, akaziva. . .

²⁰⁶ Vaigona kunge, kungofungidzira, hurukuro huru yavakava nayo, vachitaura nezvazvo, vachiuya ikoko. Uye kuti Akange audza Petro zvinhu izvi, ndokumupa rimwe zita, ndokumuudza kuti aive ani, pamwe nababa vake, nezvimwewo, pamusoro pazvo. “Unoziva Mhesiya anofanira kunge ari muporofita.”

²⁰⁷ Zvakanaka, heunoi anouya zvino, ndokufamba pamberi paJesu. Zvino Jesu akati, “Tarirai muIsraeri asina nduru.”

Iye ndokuti, “Rabhi, ko Makandiziva rinhiko?”

²⁰⁸ Akati, “Firipi asati akudana, pawanga uri pasi pemuti, Ndakuona.”

²⁰⁹ Iye ndokuti, “Rabhi, Muri Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo weIsraeri.” Zvakabva zvaringana, kwaari.

²¹⁰ Mudzimai muduku, aive nenhamo, achisemesa, aine hutsvina, achirarama nevarume vatanhatu. Akanga aroorwa nevashanu, zvino uyo waakanga ari kurarama naye ipapo akanga asiri wake. Akaenda kutsime rimwe zuva kunochera mvura. Zvino paakadzikisa pombi, kana kuti chirongo pane chekudhaisa mvura, pasi, kuti achere mvura, zvino paakatanga kuchikwidza, akaona murume wezera repakati nepakati agere neche apo, muJudha. Akati, “Mudzimai, Ndivigirewo mvura yokunwa.”

²¹¹ Mudzimai akati, “Tine rusarura ganda. Hapana—pana. . . hapana tsika pano kuitira Iwe, zvauri muJudha, kundikumbira ini, mudzimai weSamaria, chinhu chakadaro. Hatidyidzane.”

²¹² Akati, “Asi dai wanga uri kuziva Ari kutaura newe, waizoNdikumbira mvura yokunwa. WaizoNdikumbira mvura.” Vakango. . . Vakaenderera mberi, vachitaura vose, kwechinguva. Chii chaAkange ari kuita? Akanga ari kuedza kutsvaka paive nedambudziko remudzimai.

Zvino, “Jesu aifanira kupfuura nekuSamaria.”

²¹³ Rangarirai, Akangozvizivisa kumaJudha nevaHedheni. . . Anova Hamu, vanhu vaShemu. Maona? Vanhu vaJafeti vakasiwa. Isu maAnglo-Saxon, taiva vaHedheni, tichinama zvimupunzo mumazuva iwayo. Rangarirai. Sei Asina kuZviratidza, Jesu, paAiva pano pasi, kuvaHedheni, muchiratidzo chimwe chete, achivaratidza? Nokuti vaHedheni vakanga vasiri kutsvaka Mhesiya.

²¹⁴ MaJudha akanga ari kutarisira Mhesiya, uye maSamaria akanga ari kutarisira Mhesiya.

²¹⁵ Zvino Akazviratidza saMhesiya, achiudza Petro, uyo waAkapa makiyi eHumambo. Uye nekuna Natanaeri.

NaBatimeo bofu, apo kutenda kwake kwakaMumisa. Nemudzimai aiva nechirwere chekubuda ropa. Nevamwe vakadaro, kumaJudha.

²¹⁶ Asi heunoi zvino pamberi pemaSamaria, zvino anouya kumaSamaria, kuti Azvizivise saMhesiya wechokwadi.

²¹⁷ Zvino, kwemazana emakore, vose maJudha nemaSamaria vakanga vatotenda kuti kwakanga kuchauya Mhesiya. Saka, kana Mhesiya ave panyika, zvakanga zvirira kuna Mhesiya kuti Azviratidze.

²¹⁸ Tarirai kune mutana Simioni ari mutemberi, aine chapupu, chokuti, “Handisi kuzofa kusvikira ndaona Kristu waShe.” Zvino panguva iyo Maria akauya nemwana, Mweya Mutsvene wakataura naSimioni. Akafamba ndokuenda chaipo paAive, sezvizvi, ndokusimudza maoko ake, ndokuti, “Chiregai muranda weNyu achienda murugare sokureva kwemaShoko eNyu, nokuti meso angu ari kuona Ruponiso rweNyu.” Simioni haana kuzorarama nguva yakareba kuti azomuona Achiita mabasa aKe ehMhesiya, asi akava neumbowo hwekuti aive Iye.

²¹⁹ Asi Akazvizivisa kuvanhu, saMhesiya, kuva Mwari-Muporofita uya. Mudzimai uya, paAkataura naye, akati, “Enda, unоторa murume wako ugouya pano.”

Akati, “Handina kana murume.”

²²⁰ Ndokuti, “Wataura chaizvo. Wanga uine vashanu, uye wauri kurarama naye iye zvino haasi murume wako.”

²²¹ Mudzimai akati, “Changamire, ndinoona kuti muri muporofita. Tinoziva, kana Mhesiya achinge auya, Achatitaurira zvinhu izvi. Ichi ndicho chichava chiratidzo chaMhesiya kana Achinge auya. Ndiye Wacho achatitaurira zvinhu izvi.”

Zvino Jesu akati, “Ndini Iye ari kutaura newe.”

²²² Nokukasika akasiya chirongo chiya chemvura ndokumhanyira muguta, ndokuudza varume vemuguta, “Uyai, muzoona Murume Uyo andiudza zvose zvandakaita. Ko handiye here Mhesiya wacho? Handicho here chiratidzo icho Mhesiya aifanira kutiratidza?”

²²³ Havana kuzopamha kuzviitazve, pamberi pavo, asi vakati varume vemuguta umu vakatenda maAri nokuda kwechapupu chemudzimai chokuti Akanga ari Mhesiya. Amen.

²²⁴ Iye zvino yave nguva yavaHedheni. Takava nezviuru zvirira zvevakore enyonganyonga, kukwira nokudzika, masangano, kupinda nokubuda, negakava nokupesana, nekukakavara nokurwa, nezvimwe zvose, vadzidzi vebhaibheri nemaseminari, nezvimwe zvose.

²²⁵ Zvino, kana Akarega maSamaria nemaJudha kuti vanyatsosvika pasi, avo vakanga vasiya vamwari venyika, kuti vashumire Mwari, vachitarisira Mhesiya akanga ari kuzouya;

zvino Mhesiya akaZvizivisa kumaJudha nenzira iyoyo, nezuva iroro. Zvino haAkwanise kutyora mitemo yaKe. Haasi Baba vanoitira chimwe kune mumwe, nechimwewo kune mumwe, chiri chinhu chakasiyana. NdiJesu mumwe chete. Ndizvo.

²²⁶ Zvino, pano, takava nezviuru zviviri zve makore. Mweya Mutsvene wakawira pamusoro pedu. Takataura nendimi, uye tikaona mashura nezviratidzo, nezvimwe zvakadaro. Zvino, chiratidzo chokupedzisira chakaonekwa naAbrahama, mwanakomana akavimbiswa asati adzoka, aive Mwari akazviratidza mumutumbi waigona kudya, nokufanotaura nokuratidza chiratidzo chimwe chete icho chakaratidzwa naJesu paAive pano, kuti aive Mhesiya. Zvino, Jesu akaporofita ndokuti zvaizova saizvozvo. Zvino, vashamwari, ino ndiyo nguva yacho.

²²⁷ MaJudha aya amirepo, pavakaona Jesu achitaura izvozvo kumurume uya, vakati. . . Vaifanira kupindura ungoro yavo. Ivo, vaiziva kuti zvakanga zvaitwa, saka hapana chavaikwanisa kuita nezvazvo. Vaifanira kupindura ungoro yavo, nokudaro vakati, “Murume uyu ndiBherizebhabhu. Iye. . .” Vakazvifunga izvi mumoyo yavo. “Murume uyu ndiBherizebhabhu, munooona, nokuda kwekuti Muuki, akaita semu—munzveri wepfungwa, kanawo zvimwe. NdiBherizebhabhu.”

²²⁸ Jesu akaziva pfungwa dzavo. Zvino akatendeukira kwavari, iYe ndokuti, “Mukataura izvozvo zvichipesana neNi, Mwanakomana wemunhu, ndinokuregererai. Asi, zvakadaro, rimwe zuva Mweya Mutsvene uri kuuya, kuzoita zvinhu zvimwe chete. Zvino kutaura zvinopesana naWo, hapana kuregererwa munyika ino kana munyika inouya.”

²²⁹ O, hama, ndinofara zvikuru manheru ano kuva nemaropafadzo epentecosti. Amen. Pasina kupokana imo muno, hama, mugere muno mabva kuchurch of God, Foursquare, Assemblies of God, nedzimwe dzose dzakasiyana-siyana. Zvakaisvonaka. Izvozvi, chirambai muchienda mberi. Musa. . . Chingonyatsogara nayo. Maona? Asi usafe wakafunga kuti gumbeze harikwanise kutambanuka kusvika kune imwe hama yakowo, zvakare, iri mune rimwe sangano (sezvakangoita) rine chiyero chimwe cheMweya Mutsvene. “Mwari vakapa avo Mweya Mutsvene vanoMuteerera.” Saka imwe hama yakawanawo, zvakare, munooona, saka chingoritambanudzira ikoko. Zvakana. Uye ngatiuye pamwe chete tigofara.

²³⁰ Takasiya nyika. Tiri Mbeu yaAbrahama. Tiri Mbeu yaKristu, Mbeu yakavimbiswa. Zvino tiri pano, zasi kuno. Uye ndechipi chaive chinhu chokupedzisira zvino, chaAkapa baba vedu Abrahama? Chiratidzo chiya, Sodhoma isati, isati yatsva, nekuuya kwemwanakomana. Zvino, apo Mwanakomana akavimbiswa akange oda kuuya, nokupiswa kweSodhoma, Mwari vakavimbisa nemuna Jesu Kristu kuti zvichange zviri chaizvo, “Sezvazvakange zvakaita mumazuva eSodhoma.”

231 Tarira munyika nhasi. Nthoroondo yenyika haisati yakamboona huwandu hwevanhu vakatsveyama sevatinavo nhasi. Uye tsamba dzangu dzakazara navanaamai, vari kuchema, vanobva umo muCalifornia. Ndikaverenga mupepa nhau, kuti kutsveyama, nhai, kwashanduka muCalifornia, ndinofunga, kuda zvikamu makumi matatu kubva muzana, kudarika gore rapera. Kutsveyama, kuri kwese-kwese, tsvina. Zvikoro, zvikoro zvekunamata, vari kutodzinga vanhu kubva muzvikoro zvavo, vane nguva yakaoma kuvawana. Vanhu vakatsveyama, “vari kushandura mararamiro epamasikirwe,” sezvazvaiva muSodhoma, tinozviona nemaonero iwayo.

232 Onai Billy Graham, mutumwa wakabva kuna Mwari, zasi kuno uku, achitsvaira neEvhangeri riya.

233 Zvino, ko Kereke, Vasanangurwa? Inofanirwa kuva nechiratidzowo, zvakare. Handizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Inofanirwa kuva nacho. Ndinovimba kuti manheru ano tichasiya kusatenda kwedu kwese, tigotenda muna Ishe Jesu, toMutevera, uye tigoona zviratidzo zvaKe zvemuzuva rokupedzisira, nokuti Akavimbisa kuti chichazovepo.

Ngatikotamisei misoro yedu.

234 Pane mumwe here ari muno manheru ano asingaMuzivi seMuponisi wake, uye unoda kusiya zvose iko zvino ugoMutevera? Ungasimudza ruoko rwako, uchiti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham. Ndinoda kuita saizvozvo, kuva Mukristu wechokwadi.” Mwari vakuropafadzei. Pane mumwe here? Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, nemi, hama. Mumwezve? Mwari vakuropafadzei, changamire. “Ndinoda kusiya zvose. Ndi—ndichazviita, Hama Branham.”

235 Ndiri kuda kubvunza chimwe chinhu. Hama, hanzvadzi, ha—handisi—handisi kuda kugumbura mumwe munhu. Asi, munooona, mu—mu—mu...Mune mungava kuShoko. “Kana—kana ukagara maNdiri, uye maShoko aNgu ari mamuri.” Dzimwe nguva ndinototaura zvinhu zvinondicheka, kunyanya pane dzimwe nguva kuhanzvadzi dzangu.

236 Nokuti, munocherechedza kuti mudzimai ndiye akashandiswa naSatani pakutanga. Mwari vakasarudza murume. Satani akasarudza mudzimai.

237 Akaropafadzwa, zvirokwazvo, kuva chirindiriro chakaunza Jesu Kristu panyika. Zvino, Uyo akanga asiri Mwanakomana wake. Mose munozviziva izvozvo. Jesu hapana kana kamwe paAkambomodana kuti amai. Haana kumbova ne...Iungano ine vanhu vakasangana, asi imi nditeererei. Hakuna mbeu yakabva kuna Maria. Zvose zvakasikwa, naMwari, zvakachena. “Mweya Mutsvene wakafungatira.” Ndicho chikonzero Jesu asina kukwanisa kumudana kuti amai. Akanga asiri chikamu

chake, hapana. Aingova chirindiriro chakashandiswa naMwari, kuunza Mwana.

²³⁸ Nokuti, dai paiva nechimwe chinhu chemudzimai uyu chaive muMukomana uyu, Mwana uyu, mudzimai uyu, (muri kunzwisisa; imi vakuru munoziva zvandiri kureva,) paifanira kuitika zvinenge kubata pamuviri, sezvakaita chimwe chizenga chichibva kumudzimai, naimomo, zvino zvemazvirokwazvo zvaizoita sechiitiko chekusangana kwemurume nemudzimai achizviita naMwari Samasimba. Hazvaimbogoneka.

²³⁹ Mwari vakasika mwana, zvole zai neRopa. Zvole chizenga, chemudzimai nechemurume, Mwari vakazvisika. Ndicho chikonzero mutumbi uyu wakamutswa. Ndizvo chaizvo. Ndiye wekutanga kumuka kuvakafa. Saka haAna kumbomudana kuti amai. Vakati, “Amai vako vari kunze uko vari kuKutsvaka.”

²⁴⁰ Akati, “Ndiyani amai vaNgu?” Ndokuti, “Avo vanoita kuda kwaBaba vaNgu, ivavo ndivo amai vaNgu.” Maona? Saka hapana kana kamwe paAkambomudana kuti amai. Akamudana kuti “mudzimai.” Ndizvo zvaaiwa.

²⁴¹ Zvino vamwe venyu vanhu vanodikanwa vechiKatorike munomuita mwari, kana kuti mwarikadzi, mambokadzi weKudenga. Hazvina kunaka. Kwete, handizvo. Aiva mudzimai akanaka. Hongu, changamire. Ndizvo chaizvo. Asi akanga asingadarike mudzimai upi zvake angasarudzwe naMwari kuti vamushandise. Vanokwanisa kushandisa mudzimai kuita zvimwewo zvinhu. Vanokwanisa kumushandisa, nenzira ipi zvayo. Aingova chirindiriro, nokuti ndizvo zvaaiwa, kuchengetedza mbeu ichidziirwa, nezvimwe zvakadaro. Zvino Upenyu hwakauya muMwana. Asi Ropa, chizenga cheropa, tinoziva nguva dzose, kuti chinobva kumunhurume. Zvino Aive iye munhurume, Musiki. Mudzimai akanga asiri muJudha . . . Mwana aive . . .

²⁴² Jesu akanga asiri muJudha kana muHedheni. Aive Mwari. Ndizvozvo. Mwari pachaKe akasika mutumbi waAigara mauri. Aiva Mwanakomana waKe, Jesu Kristu. Zvino kubereka kutsvene, kwemhandara kwakaunza munhu uyu, kubata mimba kutsvene kweMweya Mutsvene. Mudzimai akanga asinei nechekuita nazvo, kana zai kana chizenga cheropa.

²⁴³ Murume ndiye ane chizenga cheropa. Mudzimai ane zai. Nenzira iyi, panofanira kuva nechishuvo nokubata mimba, kuti pawane chinaitika.

²⁴⁴ Zvino kana zvakadaro, hapana chaivepo kunze kwekufungatira kweMweya Mutsvene, zvino Mwari vakasika mumudzimai. Ndiye Muponisi wangu. Pasina iYe, tose taparara.

²⁴⁵ Zvino, vamwe venyu vanhu pano, imi madzimai, munogona kunge muri madzimai ePentecosti, makambova nemhosva yokupfeka hanzu dzisina hunhu, muchidimura vhudzi renyu,

nokuita zvinhu. Ndinocherechedza muno muCalifornia, hamuna vakawanda vakadaro . . .

²⁴⁶ Kana kuti, muno muArizona, waro, hamuna vakawanda vakaisa pendi kumeso. Zvakarwiswawo, zvakare. Zvisinei, hapana pazviri muBhaibheri panonzi usazore pendi. Tinongozviziva kuti zvakaipa, nokuti ndezvemunyika.

²⁴⁷ Asi pane murairo muBhaibheri kuti mudzimai, anodimura vhudzi rake, munhu asina hunhu. Zvino kana zvichiratidzika zvakadaro kuna Mwari, apo uchiti une Mweya Mutsvene, uchiita zvakadaro, pane chakatsveyama.

²⁴⁸ “Kupfeka hanzu yakafanana neyemurume.” O, hanzvadzi, mudikanwi, usazvifananidze nenyika. Siya nyika. Bata pana Kristu.

Unoti, “Zvinoita mutsauko wei?”

²⁴⁹ “Akaropafadzwa uyo anoita mirairo yaKe yose, kuitira kuti agowana kodzero yokupinda muMuti woUpenyu.” “Ane mhosva pazvidukusa ane mhosva pane zvose.”

²⁵⁰ Munoziva zviri nani. Kana uine Mweya Mutsvene, zvirokwazvo Unokutaurira zviri nani. Unokuudza zviri nani, kana uri Mweya Mutsvene.

²⁵¹ Zvino, kana uine mhosva, uye uchida kutanga manheru ano, uchiti, “Hama Branham, ndanga ndisiri kuzviziva. Ndanga ndiri kungotsvedza. Ndiri kuda kutanga patsva. Kubva zvino nokuenda mberi, ndave kuzoshumira Mwari.” Simudza ruoko rwako, uchiti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham.” Mwari vakuropafadzei. Zvinotora kushinga. Zvinotora zvechokwadi . . . Mwari vakuropafadzei. Maoko akawanda. Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei. Saka, kana uchiziva, kuti Chimwe chinhu mauri, chiri kukuudza kuti wakakanganisa, zvino woziva kuti Mwari vari pedyo newe.

²⁵² Asi kana uchinge wanzwa Shoko zvakanyatsojeka, zvino ugoramba wakagarapo uchiti, “Handisi kuzozviita. Haazivi zvaari kutaura,” uye ini ndichitaura Shoko ipo pano, munoona, zvino pane chakatsveyama nezviri mauri. Maona? Chinongori chinhu chimwe chete, ndiSatani. Ndizvo zvoga. Zvinopesana naMwari. Zvinopesana nemitemo yake. Zvinopesana neShoko raKe.

²⁵³ Mumwe munhu akati kwandiri, nguva shoma yapfuura, mumwe muparidzi ane mukurumbira. Akati, “Hama Branham.” Ndokundidana mukamuri yake, ndokuisa maoko pamusoro pangu. Ndokuti, “Muri kuzoparadza shumiro yenyu.”

Ndikati, “Chii?”

²⁵⁴ Ndokuti, “Munogara nguva dzose muchingotsiura vanhu, nokuda kwemaitiro avanoita.” Ndokuti, “Ko munodiniko . . . vanhu vanofunga kuti muri muporofita.”

Ini ndikati, “Handisi muporofita.”

²⁵⁵ Iye ndokuti, “Handiti, vanhu vanofunga kuti ndizvo zvamuri. Ko munodii kuvadzidzisa zvinhu zvomweya, kuti vangagamuchira sei maropafadzo makuru omweya pamwe nezvinhu?”

²⁵⁶ Ini ndikati, “Ko ndingavadzidzisa sei zvinhu zvomweya apo vasingatambozivi maABC avo? Havatomborina mazvibatori akadzikama ekupinda mumutsara weShoko, ko kuzoti kuzvinhu zvemweya. Kana vasingatendi zvinhu zvepanyika, ko vanozotenda sei zvinhu zvokudenga?”

Akati, “Saka, uchazongoparadza shumiro yako.”

²⁵⁷ Ini ndikati, “Shumiro ipi zvayo inoparadzwa neShoko raMwari, inofanira kuparadzwa.” Dzoka kuShoko. Ndizvozvo.

²⁵⁸ Zvino, kana uri kuputa fodya, nezvimwe zvakadaro, uchizviti une Mweya Mutsvene, unonyadzisa iwe. Imi varume! Munoti, “Sei muri kutsiura madzimai?” Imi varume munorega madzimai enyu achiita zvakadaro, o, changamire, uchizviti uri Mukristu, unonyadzisa iwe.

²⁵⁹ Ndinoziva kuti izvi zvakakwasharara. Asi, hama, i—inguva yekubvisa zvisina basa. Inguva yokuti Mweya Mutsvene achiuya, kuzitora Mwenga waKe. Zvino kana zvikasapinda mumutsara weShoko raKe, zvino panenge paine chakatsveyama.

²⁶⁰ Imi makadzokera shure, kugara kumba manheru eChitatu worega kuuya kuno kukereke, uchiona terevhizheni, neumwe usiku hunopindwa kereke! Funga, iwe—iwe unonyatsoti, zvino kana uchifanirwa kuuya kukereke, unotozvimanikidza kuti uzviite, nokuti unofunga kuti murairo wotozongouita. Unofanirwa kuuita. Zvinoremekedzwa kuzviita. Zvino kana usina chido chekuzviita, pane chakatsveyama. Uripo Mweya Mutsvene anoita kuti ude kushumira Mwari.

²⁶¹ Zvino, naizvozvi, apo misoro yenyu yakakotamiswa, vose avo vanonzwa kuti vanoda kutanga kuuya kuna Mwari, manheru ano, simudza ruoko rwako. Kumunhu wese ari muno zvino, chingosimudza ruoko rwako, munhu wose, kwese muno. Mwari vakuropafadzei, vakuropafadzei, iwe, iwe, iwe, iwe. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Ndave kukunamatirai.

²⁶² Baba voKudenga, iye zvino ndataura maShoko eNyu zviri pachena uye zvakajeka, nekutsiura, sokuziva kwangu. Kweke kuti ndinge ndakasiyana; kana ari iwo maonero angu, Ishe, ndinofanira kunge ini ndiri paartari. Asi kana ndikaona mumwe munhu, hama yangu kana hanzvadzi, ari kunyura muigwa riri kubvinza, zvino ndorega kudanidzira kwavari, kana kuvatsiura, kana neimwe nzira yokuvabuditsa kubva muchinhano ichocho, zvoreva kuti handivadi. Ndiri kuedza kuvabuditsa, Ishe, kuitira kuti vange vakachengeteka.

263 O Mwari woKudenga, ndinonamatira wese asimudza maoko avo. Ndaona vazhinji vemadzimai ayo vakagera misoro vasimudza maoko avo mudenga, vaine nyasha dzakakwana dzokuti vagoziva kuti vakakanganisa. Pane vakawanda vasina. Zvino, ndiMi Mutongi wazvo. Asi ndinonamata, Mwari, kuti mugoponesa avo. Zviitei. We. . .

264 Varume avo vasimudza maoko avo, varume vechidiki vakaisvorurama vagere nemadzimai avo, nezvakadaro, vasimudza maoko avo. Vatana vasimudza maoko avo. Zvino, Baba, tinofanira kusiya nyika pamwe nezvinhu zvemunyika, kana kuti hatizokwanisa kuKushumirai.

265 Ndinonamata kuti Mugozviratidza manheru ano nenzira yokuti vanhu vachaona kuti, iShoko rataurwa. Vanhu vanogona kutaura zvese-zvese. Asi kana Mwari vakazouya vosimbisa Shoko ravo, voratidza kuti iShoko raVo, zvino tinosara tisina pembedzo. Ndinonamata, Baba, kuti Mugozviita manheru ano. Zvino vanhu ava pavachango. . .

266 Pamwe vakawanda vavo vatadzi. Vazhinji vasimudza maoko avo, sevataadzi. Uye ndinonamata, Baba, pavanongoona kuratidzwa. . .Uye ndichivimba kuti Muchazviita manheru ano, Muchazviratidza pachenyu, kuti magumo ave pano. Mwanakomana akatarisirwa achakurumidza kuuya kuMbeu yaAbrahama, uye kuti Sodhoma ichipiswa.

267 Rimwe ramazuva hapazova neibwe richasara riri pamusoro perimwe, muPhoenix. Mupata uchatsvairwa kusara wachena. Muguta manheru ano apo upombwe, kunwa doro mumabhawa, vanaamai vari kuputa fodya, vanasikana, vachitamba, vachizvonyongoka, nokuenderera, varume vachirarama muhupombwe, chivi cheguta rino! O Mwari, asi ndinotarira pasi nemariri, ndigofunga, “Zvinobatsirei kana kuedza?”

268 Asi zvino ndinotarisa naimomo ndoona Chiedza chiduku *pano neapo*, Mukristu akacheneswa, achinamata. “Vose avo vanogomera nokuchema nokuda kwezvinyangadzo zvinoitwa pakati peguta, Mutumwa akarairwa kuti aise Chisimbiso pavari, ovaisa munembo, zvino ndivo avo vakange vasiri kuzoparadzwa.” Ndinonamata, Baba, kuchava nevakawanda vachange vari Mukristu akacheneswa, mwanakomana akataurwa, asingatye kudanidzira kuvanhu ava. Mwari, muzuva rino, dai tikataura zvinhu zvakanaka.

269 Zvino pachava neZuva reKutongwa richauya, zvino vachange vasina pembedzo, nokuti Mharidzo yamanheru ano ichakandirwa paskirini, yematenga, zvino tose tichapindura. Nokudaro ndinonamata, Baba, kuti Muchadzingisa moyo yavo kubva kuzvinhu zvose zvemunyika, kuitira kuti vagorarama zvine humwari munyika ino. Tazvikumbira nemuZita raJesu Kristu. Amen.

270 Ndine urombo zvikuru nokukuchengetai. Isu...Nda—ndanonoka zvikuru. Uye ini—ini handi...Ndinofanira kunge ndabuda. Kupedzisira...Usiku hwega-hwega, ndanga ndichibuda sezingangoita, na ten o'clock, tanonokesa. Ndanga ndiri kuda kubuda manheru ano na nine-thirty. Handina kuzviita.

Zvino, mirai zvishoma, ndiise chi—chisimbiso pane zvandataura.

271 Zvino, zvemazvirokwazo, ini handisi muparidzi. Munhu wose anozviziva. Handina kudzidza, uye ndinoshandisa mashoko angu ekuKentucky okuti “zvake,” “hausi,” na “nyamura,” na “tora,” na “takura,” na “ivo avo.” Uye munoziva kuti handisi muparidzi zvakadaro. Handina dzidzo yokuti ndigova.

272 Asi ndiri MuKristu. Ishe Jesu vakandiponesa kubva kuchivi. Ndinozviziva. Uye vakandipa rimwe Shoko rokusimbisa zvishoma izvozvo zvandinoziva. Chinhu choga, handiedze kuisa dudziro ipi zvayo yemunhu. NdinongoRiverenga. Zvino chero zvaRinenge rataura, ndinotaura zvimwe chetezvo. Maona? Ndizvo zvoga zvandinoziva. Maona? Zvino, kana zvikadudzirwa zvisiri izvo, handizive. Ndiri kungozvitaure nenzira yazvakadudzirwa *pano*. Maona? Zvino nguva dzose Agara akamira seri kwazvo, achizvitsigira.

273 Ndinotenda kuti Jesu Kristu ari kuuya nokukasika. Ndinotenda kuti ndiYe Jesu mumwe chete, zuro, nhasi, nokusingaperi. Ndinotenda kuti Akati, “Munguva shoma, zvino nyika,” cosmos, hurongwa hwenyika, “havazotioni... havazoNdioni. Asi, imi muchaNdiona, imi, Kereke, nokuti Ini,” dungamunhu, “Ndichave nemi, uye mamuri, kusvika kumagumo enyika. Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaitawo zvakare.” Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Takaona mabasa aAkaita, kuti AkaZviratidza sei.

274 Ndiri kunamata, manheru ano, kuti Mwari vagatora kereke ino...Zvino, hazvina basa kuti Anondizodza zvakadini, Anofanirwa kukuzodzaiwo, zvakare. Maona? Hazvina basa kuti Mweya Mutsvene ungaedza zvakadini kutaura *pano*, Unofanirwa kuva nechimwe chinhu kunze *uko*, chinozvinzwa.

275 Jesu akapfuura nemuboka revanhu, pane rimwe zuva, zvino vaidanidzira, “Rabhi, Rabhi, tinofara kuva nemi kuno, *zvakati zvikati*.” Jesu akaramba achifamba.

276 Zvino paiva nemudzimai muduku akauyapo ndokubata mupendero wehanzu yaKe, ndokudzokera kunogara pasi. Jesu akamira ndokuti, “Ndiyani waNdibata?”

277 Handiti, Simoni Petro akati kwaAri, sokunge, handiti, akaMutsiura. Akati, “Zvakanaka, ko Mungataurirei chinhu chakadaro? Munhu wese ari kuKubatai.”

278 Akati, “Asi Ndanzwa kuti ndapera simba. Simba,” rinova simba, “rabuda maNdiri.”

279 Akatarisa-tarisa muungano. Paiva nemumwe munhu ainge aMutenda. Zvisinei, paigona kunge paine mazana ipapo, asi paiva nemumwe munhu akatenda. Akawana mudzimai muduku uyu, ndokumuudza nezvekubuda kweropa rake, kwakange kwamira, uye akanga apodzwa. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndokupfuurira mberi. Maona? Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

280 Zvino, tine makadhi omunamato agoverwa. Takagovera chikamu chawo, uko manheru apfuura, chimwe chikamu chawo manheru ano.

281 Takatangira here pokutanga, manheru apfuura? Takatanga here negumi nemashanu kana makumi maviri okutanga, manheru apfuura, kubvira pane wokutanga kusvika *pakati nepakati*? Chii? Mati kudini? [Mumwe munhu anoti, “Makumi maviri.”—Mupepeti.] Potsi kusvika makumi maviri. Zvakanaka. Vazhinji vavo vari pano manheru ano.

282 Ngatitorei vamwe kubva kwekupedzisira kwavo, zvino. Regai tichitanga. Regai tione. Tine maminiti gumi nemashanu, ngatitorei makadhi gumi nemashanu, zvino. Regai tione, zvinoreva kuti makumi masere nemashanu kusvika zana. Regai titangire pamakumi masere nemashanu, kusvika kuzana.

283 Ndiyani ane kadhi makumi masere nemashanu? Simudza ruoko rwako. Makumi masere nemashanu, mudzimai kumashure uko? Uyai kuno, hanzvadzi. Makumi masere nematanhatu, ndiani ane makumi masere nematanhatu? Pano chaipo. Makumi masere nemanomwe, makumi masere nemanomwe. Mumwe munhu ngaasimudze ruoko rwake, makumi masere nemanomwe. Murume uyu, makumi masere nemanomwe. Makumi masere nemasere, makumi masere nemasere. Makumi masere mapfumbamwe, makumi masere mapfumbamwe. Makumi mapfumbamwe, makumi mapfumbamwe nerimwe, makumi mapfumbamwe nemaviri, makumi mapfumbamwe nematatu, makumi mapfumbamwe nemana, makumi mapfumbamwe nemashanu, makumi mapfumbamwe nemashanu. Yeah. Makumi mapfumbamwe nematanhatu, makumi mapfumbamwe nemanomwe. Makumi mapfumbamwe nematanhatu, handina kuiona ichisimuka, makumi mapfumbamwe nematanhatu. Zvino, kana uine kadhi rako, uya. Maona? Makumi mapfumbamwe nemanomwe, makumi mapfumbamwe nemasere, makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe, zana. Zvakanaka. Apo vanhu ava . . . Potsi, piri, tatu, china, shanu, tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe. Pane vanenge vasere vasipo.

284 Zvino teererai. Ichokwadi. Usaue pano uine chivi chakaremba paupenyu hwako. Zviri nani uchireurure

uri ikoko, kuna Mwari. Asi kana—kana wakazviita, kana wakareurura chivi chako, uya kuno.

²⁸⁵ Vangani mukati umo vasina makadhi omunamoto, uye uri kuda Jesu kuti akupodze? Simudza ruoko rwako. Vangani vanotenda, kana Jesu Kristu akaita...Kana Iye...Vangani vanotenda izvi?

²⁸⁶ Tarisai. Ndiri kuda kukumbira vashumiri ava vari kumashure kwangu. Hama, ichokwadi here, sevashumiri veEvhangeri, tinotenda kuti Bhaibheri, Testamende Itsva, Bhuku ravaHebheru, rinotaura, kuti, “Iye ndiye Muprisita Mukuru zvino”? [Vashumiri vanoti, “Ameni.”—Mupepeti.] “Muprisita Mukuru anokwanisa kubatwa nemanzwiwo ohutera hwedu?” Ndizvo here, hama? [“Ameni.”]

²⁸⁷ Vangani mukati umo vanoziva kuti Bhaibheri rinotaura kuti, “Muprisita Mukuru”? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

²⁸⁸ Saka, kana Ari Muprisita Mukuru anokwanisa kubatwa nemanzwiwo ohutera hwedu, iye zvino, Akazviita sei? Kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, zvino akaita sei apo mumwe munhu paAkamubata nemanzwiwo ohutera hwavo? Mudzimai muduku aibuda ropa, uyo wakamubata, nokuti aiva nechishuwo chokuti abatwe; Akatendeuka, ndokutarisatarisa dzamara Amuwana, ndokumudana. Ndizvo here? Ndizvo here, hama? [Vashumiri vanoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, kana Ari Muprisita Mukuru mumwe chete, Anofanirwa kuita maitiro mamwe chete, nokuti Ndiye—Ndiye Muprisita Mukuru. Ndizvo here? [“Ameni.”] Saka, Achatofanirwa kuita nemaitiro mamwe chete.

²⁸⁹ Zvino, hamusungirwe kuva nemakadhi omunamoto. Kwete. Haudi kadhi romunamoto. Chinhu choga chaunoda kuva nokutenda muna Mwari. Iva nokutenda, ingotenda nemoyo wako wose kuti Jesu Kristu anopodza varwere nevanotambudzwa, uye zvezmazvirokwazvo Achazviita.

²⁹⁰ Zvino, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguva zvino tinamate, zvakare, pasati pava nechati chataurwa kana kuitwa. Zvino, handisi kuti Achazviita. Ndiri kuvimba kuti Achazviita. Asi ndi—ndinotenda, uye ndiri kuvimba kuti Achazviita. Zvino, kana Akazozviita, vangani venyu vachatenda? Simudza ruoko rwako. Dai Akazviita, ndiwo munamoto wangu.

²⁹¹ Baba voKudenga, zvino ndataura zvinotaurwa neShoko reNyu, “Kusiya zvoise, kuti tiKuteverei.” Avo vakasiya zvoise, vakagona kuKuonai. Uye hazvinei kuti Maitei, avo vasingazosiya chivi vachitevera, havazombokwanisi kunzwisisa. Avo vanosiya chivi, kusatenda. . .

²⁹² Tinoziva kuti chivi kusatenda. Hazvinei kuti tararama zvine hutsvene hwakadini, zvoise zvatingaita, kana tichiri kupokana, tiri vatadzi. Bhaibheri rinoti, “Uyo asingatendi akatotongwa kare.” Saka tinoziva kuti tinofanira kutenda

“Shoko rose rinobva mumuromo waMwari.” Ndicho chinofanira kuva chingwa chedu chamazuva ose.

²⁹³ Uye ndinonamata, Baba, kuti, sezvo ndataura kubva muMagwaro manheru ano, Vimbiso dzenyu dzemazuva ano okupedzisira, pamwe neizvo zvatingatsvake mumazuva ano okupedzisira. Kana zvanga zvakarurama, Ishe, zvino simbisai maShoko aya nezviratidzo zvichitevera. Zviitei.

²⁹⁴ Ndinozvikumikidza kwaMuri, pamwe neShoko, nevanhu. Ndinonamata, Baba, kuti mugodzingisa moyo iri mukati umo, kuti vagotenda nemoyo wavo wose, kunyanya avo vari kuzopinda mumutsara wekunamatirwa. Uye itai kuti vanhu vaone kuti Mhesiya, Jesu Kristu, Mweya Mutsvene, anesu manheru ano. Ari muKereke, Kereke yakaSanangurwa, yakadanwa, Mbeu yaAbrahama, nevimbiso yehumambo. Zviitei, muZita raJesu. Amenii.

²⁹⁵ Iye zvino, zvino regai ndingotarisa, kwechinguvana. Zvino, tichanyatsotora nguva yedu, kwemaminiti mashoma, mashomanani, anenge maminiti gumi.

²⁹⁶ Munozvino here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Munozvino here? [“Amenii.”] Munotenda here kuti zvinhu izvi zvandakuverengerai kubva muShoko manheru ano ichokwadi? [“Amenii.”] Munotenda here kuti Jesu akazviita paAive panyika? [“Amenii.”] Munotenda here kuti Akazvivimbisa? [“Amenii.”] Munotenda here kuti tiri mumazuva okupedzisira? [“Amenii.”] Zvino, ivimbiso yaKe. Anofanira kuirarama. “Kana ukagara maNdiri, maShoko aNgu agogara mauri, zvino kumbira chose chaunoda. Unochiitirwa.” Zvino, donzvo nechinangwa chako zvinofanira kunge zvakanaka. Unofanirwa kuzvitenda nemoyo wako wose.

²⁹⁷ Zvino, handitendi kuti pane munhu ari mumutsara wekunamatirwa wandinoziva. Hatizivane. Ndiri mutsva. Mukati umo, hatizivane. Imi mose munozvino kuti hapana chandinoziva nezvenyu, imi muri mumutsara muduku wokunamatirwa pano, simudza ruoko rwako, anozvino kuti hapana chandinoziva nezvake. Zvakanaka. Mose mukati umo, anozvino kuti handikuzive, kana kuti hapana zvandinoziva nezvako, simudza ruoko rwako, chingoonai. Hezvo. Saka, inyaya yakavanda. Pano pane avo vane makadhi omunamato. Uko kune mumwe asina remunamato. . .

²⁹⁸ Kadhi romunamato harisi chimwe chinhu kunze kwekadhi duku rine nhamba pariri. Rinongokupa nhamba, mukomana anouya kuno oavhanganisa, zvino wose anoda kadhi romunamato anogona kuriwana. Uye iye haazive, hapana mumwe anozvino, kuti papi. Saka, haazive kana makadhi achinge avhanganiswa, uku neuku. Havambozivi kuti ndiani achapinda mumutsara wokunamatirwa, nokuti hatikwanise kuzviziva. Kazhinji, tinoatora kubva zasi uko. . .

299 Pandakatanga, takanga tiine mumwe murume ikoko aitengesa makadhi omunamato. Mumwe munhu akati, “Ndinokupa madhora mazana mashanu kuti uise mudzimai wangu mumutsara.” Maona?

300 Ndakatora mwanakomana wangu. Zvino ndokuti, “Mwanangu, kuti usawanirwe mhosva nevanhu, kuitira kuti vagoziva kuti hautengese kadhi romunamato, simuka pamberi pavo, wosanganisa makadhi omunamato *sezvizvi*, zvararo woapa kunaani anenge achiada. Uye kunze kwaizvozvo, mwanangu, hauzombozivi pandinotangira kudana kusvikira ndasvikako.”

301 Vangani vakambozviona mumusangano, nguva nenguva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nguva dzose hadzo, ndinoshandura, ndoenda *apa, apo*. Zvino, kunze kwaizvozvo, apo panopodzwa mumwe papuratifomu, pane gumi nevaviri vanodanwa mukati *umo*, munoono, ndizvozvo, vasina makadhi omunamato.

302 Nokudaro pasina kukanganisa ndiShe Jesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

303 Uchasiya here zvose, kuti ugoMutevera? Une chido here chekusiya kusatenda kwako, kuti uMutevere ugopodzwa? Siya zvinhu zvako—zvako zvemunyika, woMutevera muhutsvene, woMufambira. Zviite iko zvino. Handisi kuti Anozviita. Kana Akazviita, munobva maziva.

304 Mudzimai uyu amire ipo *pano*, uyu mu—mufananidzo zvakare, sezvandakataura nezuro manheru, zvaMutsvene Johane 4. Pano pane murume nemudzimai, vasangana kekutanga muupenyu. Zvino kakanga kari kabhenji kaduku. Kana wakambenge uri ikoko kuSamaria, kunze kweSychar uko, ka—katsime kaduku. Pane mamiriro anoyevedza enzvimbo, mizambiringa iri kune rimwe divi racho, *sezvizvi*. Ndipo pakagara mudzimai, achitaura naJesu. Murume, mudzimai, vakasangana kekutanga. Zvino Akaudza mudzimai uyu zvaiva dambudziko rake. Dambudziko rake raive rokuti, aiva azere nezvivi.

305 Anogona kunge ari iye. Anogona kunge ari mutadzi. Anogona kunge ari munyengeri. Anogona kunge ari mutsvene. Pamwe ari kuda kupodzwa mumutumbi wake. Pamwe ari kuda kupodzwa kwemumwe munhu. Pamwe ane dambudziko rezvemari. Iye, handisi kuziva zvaavinga. Handitombokwanisi kukutaurira. Akangomirapo, ari mudzimai. Ndizvo zvoga. Ndiocho chokwadi. Hatisati tambosangana. Asi kana Ishe Jesu vakauya pano . . .

306 Zvino, kumupodza, kana ari kurwara, handizvikwanise. Handikwanise kuita zvakatoitwa kare naMwari. Zvino, chinhu choga . . .

307 Ko dai Jesu anga akamira pano akapfeka sutu ino? Kana mudzimai akauya kuna Jesu oti, “Jesu, Mungandipodzewo here?”

308 Handiti, Anoti, “Mwanangu, Ndakatozviita kare. Ndakakuvadzwa nokuda kwekudarika kwako. Nemavanga aNgu wakapodzwa.” Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ibasa rakapera.

309 Ukauya, uchiti, “Jesu, Mungandiponesawo here? Mungandiponesawo here?” Handiwo mubvunzo wacho. Akatozviita kare.

310 “Ishe Jesu, ndinogamuchira Yananiso yeNyu. Ndiri mutadzi.” Maona? Wakaponeswa kare uko. Wakapodzwa kare uko. Uchangozvigamuchira. Wakaponeswa nokutenda. Nokutenda unogamuchira ruponiso rwako.

311 Zvino pakaita munhu anouya, okuudzai kuti ane simba rekupodza, uye anokwanisa kukupodza, iwe chingo . . . gara kure nezvakadaro, nokuti handizvo. Simba rokupodza riri muna Kristu, riri basa rakatopera kare.

312 Kana mumwe munhu akakuudza kuti Mwari vakamupa simba rokuregerera zvivi zvako, pamwe nokuzviita, usazvitende. Zvakatoregererwa kare. Jesu amire pano manheru ano, chinhu choga, zvinongozoratidza kuti Anga ari Mwanakomana waMwari.

313 Ko kana Akanga ari . . . Ko dai zvino maoko angu akazara nemavanga ezvipikiri, uye ropa richijuja kubva maari, neminzwa neche *apa*? Izvozvo kunyange zvakadaro hazvimuiti Jesu. Inenge iri nyama yangu.

314 Zvino tinoziva kuti nyama igere paruoko rwerudyi rwaMwari. Zvino kana youya, nguva inenge yapera. Ndizvozvo. Kana Jesu odzika, ndizvo zvose.

315 Asi Ari pano muchimiro cheMweya. Uye zvino Upenyu hwaKe huri mauri neni, kukupa kutenda nokundipa kutenda.

316 Zvino, tarirai kuno. Iyi—iyi maikirofoni, dai panga pasina inzwi benyu pano rinotaura mairi, inenge yakanyatsonyarara. Ndizvo here?

317 Zvino, tarirai. Nyatsotereresai, kuti musazozvipotsa zvino. Nyaya iyi, kana Mwari vakazviita, ichapedza zvose.

318 Zvino, maikirofoni iyi haina chainogona kana kutaura, nokuti haina chokutaurisa. Ndizvo here? Zvino, nzira yoga yokuti maikirofoni iyi igotaura, ndokunge chimwe chinhu chataura mairi.

319 Zvino, ndiri pano. Handizivi mudzimai uyo, handisati ndambomuona. Aya maoko angu pamberi paMwari, uye asimudzawo maoko ake, kuti hatizivane. Hapana chandinoziva nezvake. Asi, kunze kwekunge chimwe chinhu chauya muno

umu, kuzotaura dambudziko riri *uko*, ndiri chimumuwo, zvakare, nokuti hapana chandinoziva. Mwari vanoziwa kuti ndizvozvo. Maona? Panofanira kuita Chimwe chinotaura.

³²⁰ Zvino, unogona kutora sarudzo yako. Kana iwe, saFiripi, akati . . . Kana kuti, Natanaeri akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu. Ndimi Ma—Mambo weIsraeri.” Maona? Kana kuti, unogona kuve avo vanoti anga ari Bherizebhabhu. Munoono kwavari here manheru ano? Ungafungidzire here kuna Natanaeri manheru ano? Mukusafa. Maona? Tora sarudzo yako. Zviri kwauri. Maona?

³²¹ Asi zvino ndiri kutaura izvozvi, ndakamirira kuona kana Achandipa chizoro. Kana Akasandipa chizoro, zvino pane chinhu chimwe chete chandinogona kuita, vashamwari, kukumbira ruregerero, kuti haAsati asangana neni manheru ano. Zvino tinozongois maoko pamusoro pevarwere ava tovanamatira, tovakumbirira maropafadzo, todanira vanhu kuartari, toenda kumba. Ndizvo zvoga zvatinogona kuita. Ndizvo zvoga zvandinoziva kuita.

³²² Asi kana Akauya, zvino ndinofunga kuti mumwe nomumwe wenyu asimudza ruoko rwake, kuti wanga uchida kuona Kristu, ndinofunga kuti ibasa rako, izvi pazvinongopera, kuuya iko kuno wopfugama pasi, woti, “Ishe Jesu, ndinozvipira kwaMuri iye zvino.”

³²³ Nokuti, kana ndiri munyepi, haAmbofi akasimbisa munyepi. HaAzombova nechokuita nechivi. Mwari haVadaro. Asi kana ndakutaurirai Chokwadi, zvino Anosugwa neShoko raKe, ku—ku—kuratidza kuti iChokwadi.

Mwari, ngavazviite.

³²⁴ Zvino chingovai noruremekedzo. Maona? Kwese muungano, ingovai nokuremekedza.

³²⁵ Ndingangoda kutaura newe kwekanguvana, mudzimai, nezvezvimwe zvinhu. Handisi kunzwa chizoro pandiri. Uye ha—handikuzivi, saka ndizvozvo. Zvino, chinhu choga chandiri kuda kuti uite, kana ndikakubvunza chimwe chinhu, ingoti “hongu” ne “kwete.” Maona? Zvino, chikonzero chandiri kuzviitira . . . Regai tingotora chimwe chinhu, kuitira kuti . . .

³²⁶ Hatidi kusiya Gwaro. Garai mukati chaimo meGwaro, zvino tozoziva kuti tiri mumazvirokwazvo.

³²⁷ Zvino, sokuti, Jesu, zvino, Ainge ari zasi kune imwe nyika. Zvino Ainge ari munzira yokuenda kuJeriko, iyo yaive yakananga ichidzika nemugomo. Asi Aifanirwa kupfuura nemuSamaria, kumusoro *uku*. Zvino, Baba vakanga vaMutuma kumusoro ikoko. Jesu akati . . .

³²⁸ Muchitsauko chinotevera, chitsauko 5, paAkanga apodza murume akanga aine rimwe dambudziko. Zviuru zvevanhu vakanga varerepo, mhomho yezvirema, mapofu, vanokamhina,

vakaoma mitezo, vakamirira kubvongodzwa kwemvura. Zvino Jesu akauya nepo, ndokuona murume aiva nechirwere chinongoshungurudza, pamwe T.B., kana dambudziko reprostata, kanawo zwimwe. Zvino Akamupodza, nokuti Aiziva kuti aivepo, uye nokuziva kuti ndizvo zvaave. Ndokuenda, achisiya imwe mhomho yose ipapo. Ndokubva, oenda. Tinoziva kuti ndezve chokwadi. Ndizvozvo? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

³²⁹ Vakawana, maJudha vakaMuwana, ndokuMubvunza. VanoMubvunzawo zvakare manheru ano. “Sei Akadaro? Kana aine kunzwira, uye achida munhu wose, sei akasiya mhomho yose yezvirema, mapofu, vanokamhina, vakaoma mitezo, varere ipapo?”

³³⁰ Akangopodza munhu mumwe chete akanga asiri kurwara zvikuru. Chakanga chisiri kuzomuraya. Aiva nacho, kwemakore makumi matatu nemasere. Chaingoshungurudza. Aikwanisa kufamba. Akati, “Pandinenge ndave kudzika kudziva, mumwe munhu anonditangira kusvikako.” Maona? “Mumwe munhu anofanopinda mberi kwangu.” Asi Akapodza munhu mumwe yu.

³³¹ Zvino paAkabvunzwa, heanoi maShoko aKe. Mutsvene Johane 5:19, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, Mwanakomana hapana zvaanogona kuita pachaKe; asi izvo zvaanoona Baba vachiita, ndizvo zvinoitwawo neMwanakomana.”

Nokudaro paAkaenda kuSamaria, Ishe vakamutungamira kuenda kumusoro ikoko.

³³² Zvino, Ishe vanditungamirira, muranda waVo, kuPhoenix. Vanditungamirira kuno manheru ano. Zvino ndiri pano, kuita zvaVakataura.

³³³ Zvino, Jesu paAkaenda kuSamaria, chinhu chokutanga chaAkawana aive mudzimai akauya pamberi paKe. Akataura naye kusvikira Awana chinhano chake. Zvino paAkamutaurira, pakarepo akacherechedza kuti aive muporofita kana kuti Mhesiya akavimbiswa. Akati Aive Mhesiya. Maona?

³³⁴ Saka tinoziva kuti vaporofita vaive mumazuva akapfuura. Nhasi ndiKristu. “Mwari munguva dzakare nenzira dzakasiyana-siyana vakataura kumadzibaba nevaporofita; mumazuva ano okupedzisira kubudikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu,” anova Mweya Mutsvene matiri.

Zvino Ave pano.

³³⁵ Mazvicherechedza. [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Ndinoda kukubvunza, seMukristu kune mumwe. Pandangotarisa uko, unogona kuona kuti pane chaitika, Mweya unotapira, wakazvininipisa. Ndizvo here? Simudza ruoko rwako kana chiri chokwadi, kuti vanhu vaone. Maona? Zvino, iko

zvino, ndakatarisa mudzimai, kana muchikwanisa kumuona, onai uko, Chiedza che amber. Chiri kufamba chichitenderera pamudzimai.

³³⁶ Zvino anofamba achibva pandiri. Kwete. Zviri kune mumwe munhu. Mumwe mudzimai. Kuti, uri kunamatira mumwe mudzimai, mumwewo munhu. Ndavamwene vako. [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Uye vane dambudziko rei—itsvo. [“Hongu.”] Uye—uye vane itsvo imwe chete. [“Hongu.”] Zvino uri kutya kuti ikenza. Zvino ndicho chikonzero uri pano, kundikumbira kuti ndivanamatire. [“Hongu.”] IZVANJI NAJEHOVHA. Unotenda? Chienda? Tenda nemoyo wako wose, zvino havazofanirwa kuibvisa. Usapokane. Tora kanhu kaduku kari muruoko rwako, uise pavari.

³³⁷ Munotenda nemoyo wenyu wose? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

³³⁸ Makadini? Hatizivane, zvakare, mumwe nomumwe. Ndiko kekutanga kedu kusangana. Zvino kana . . . Mwari, kubudikidza neMwanakomana waVo, Jesu Kristu, vakatuma Mweya waVo. Jesu akati, “Pose panoungana vaviri kana vatatu muZita raNgu, Ndichange ndiri pakati pavo.” Ndiyo vimbiso yaKe, handizvo? Zvino, haAkwanise kudzokera shure pavimbiso yaKe.

³³⁹ Chinhu choga, ndechokuti, takadzimaidzwa pakutenda, kusvika pokuti tinokundika kuMuona. Ndicho chikonzero Mwari vachitumira vaporofita panyika. Munoono, vanhu havaverengi Bhaibheri ravo. Uye ha—havadaro. Vanongoenda, saka Mwari nguva dzose vanovatumira chiratidzo. Uye kazhinji muporofita chiratidzo. Maona? Uye nhasi Mweya Mutsvene ndiwo chiratidzo chedu, nokuti ndiYe muporofita waMwari ari kufamba nematiri. NdiYe muporofita waMwari, Chiratidzo chemazuva okupedzisira.

³⁴⁰ Zvino, ndisingakuzive, uye pasina chandinoziva nezvako. Asi kana Ishe Jesu Kristu, izvo zvandangobva kutaura, kubva muBhaibheri, vakataura nemandiri vogondiudza zvawakamirira pano, zvinokuita here kuti utende? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Zvingaita here kuti unganano itende? [Ungano inoti, “Hongu.”]

Zvino, Baba vakateerera. Ndinozviziva.

³⁴¹ Uri kurwara nedambudziko rekuhutahuta. Ndizvo chaizvo. Kana zviri izvo, simudza ruoko rwako.

³⁴² Zvino, mumwe munhu mukati umo afunga kuti ndaita zvokufembera-fembera. Zvino, haukwanise kuzvivanza zvino, hama. Zviri kuuya imo muno. Maona? Ndazvibata. Usazvitende. Usambofa wakazvitenda. Chivi. Kusatenda. Mwari vanozokupomera nokuda kwazvo. Unozovipindurira neZuva reKutongwa. Ndinofanira kumudana, asi kakawanda ndinopinda mudambudziko.

343 Handizive zvaAkutaurira. Mirai zvishoma. Yea, hezvo izvo, mumvuri. Kuhutahuta, kurukutika. Zvinokupedza simba, wakangokanganisika, wave nazvo kwenguva yakareba. Ndizvozvo. Une rimwe dambudziko, zvakare. Une mumwe munhu wauri kunamatira. Murume wako, ari muchipatara, nedambudziko remudumbu, achangobva mukuoparetwa. Mai Good, imi chiendai kumba, mugotenda nemoyo wenyu wose. Zvino muisse icho paari, zvino acha—achapora. Mwari vakuropafadzei.

344 Anokuzivai here? Maona? Chokwadi, anoziva. Ndaona. Zvi...Hamucherechedze here kuti Jesu mumwe chete akafamba muGarireya ndiye Jesu mumwe chete manheru ano? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Hamukwanise here kuzvicherechedza? [“Ameni.”]

345 Zvino, hapana chandinoziva pamusoro...ndinofunga kuti ndiye mudzimai ambonamatirwa, ipo *apo*. Ndizvo here? Pane mumwe munhu here anga achiziva mudzimai uyu? Pane munhu here anoziva mudzimai uyu? Simudza ruoko rwako. Zvinhu izvo zvanga zviri izvo here? Ninira maoko ako, kana zviri izvo. Ipapo *apo*. Ndizvozvo.

346 Uyai. Munotaura here Chirungu? [Hama inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Zvakanaka. MuIndia? [“MuIndia.”] Ndine ruremekedzo kwauri, munhu chaiye wemuAmerica. [“Hongu, changamire.”] Handifungi...Ini, semunhu mumwe, handikwanise kutora sarudzo. Ndinokwanisa kuita sarudzo yangu imwe. Handifungi kuti muri kubatwa zvakakanaka. Munoziva handifungi kudaro. Ndinofunga kuti, panzvimbo yokutumira mamiriyoni nemabhiriyoni emadhora, mhiri kwemakungwa, vanofanira kukuchengetai imi vanhu. Ndizvo. Ndizvo. Ndizvo chaizvo. Moyo wangu wagara uchikunzwirai. Ndakanga ndiri kumusoro kumaruzevha emuSan Carlos, nguva shoma yapfuura. Apo Mweya Mutsvene wakafamba nepo, ndokupodza vanhu ava vanozwisa urombo!

347 Ndiri muyenzi kwamuri, changamire. Handikuzivei. Handisati ndakambokuonai muopenyu hwangu. Tiri vanhu vasingazivani zvachose. Ndizvozvo. Tiri marudzi maviri. Ini ndiri muAnglo-Saxon; iwe muIndia. Ndine turopa tushoma twakadaro mandiri kubva kuna amai vangu. Ambuya vangu vakanga vari muCherokee. Ndinodada nazvo. Ndizvo. Asi sehama yangu, hapana chandingaita chingakukuvadza. Ndinongokubatsira chete.

348 Rudzi rwemaIndia, rwaiwanzoti, kana vaine mumwe pakati pavo, aigona kufembera nokuratidza kwaive nemhuka dzesango, aibva ava muporofita pakati pavo. Zvino ndizvo zvavaive. Asi aiti akafembera chimwe chinhu chakanga chisiri icho, aitozvifira izvozvo. Aitofanirwa. Ndizvozvo. Vakanga vasina manyepo pakati pavo.

349 Kana Mwari vari Mwari...Nyika inogona kunge isina kukubatai zvakanaka, asi Mwari havazombokuitai zvakadaro. Vakatumira Mwanakomana wavo kwamuri.

350 Ndichangoona zvakaitika. Uchangobva muchipatara. [Hama inoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti.] Uh-huh. Wauya pano kuzonamatirwa. Une dambudziko remudumbu, uye uri kufanira kunooparetwa. [“Hongu.”] IZVANZI NAJEHOVHA. Uya pano.

Baba voKudenga, ndinotsiura dambudziko iri remudumbu.

351 Satani, wavanda kubva kuna chiremba, asi hauzombovandi kubva kuna Mwari. Buda maari, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Usanetseka nezvazvo. Chienda, uchaita zvakanaka.

Munotenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Makadini?

352 Mudzimai uyu muduku agere ipo *pano*, achinamata, ari seri kwemudzimai wechidiki agere pamberi, ane dambudziko redundiro, unotenda here kuti Ishe Jesu vachakupodza, mudzimai? [Hanzvadzi inoti, “Ndinotenda akazviita.”—Mupepeti.] Ndizvo chaizvo.

353 Ndiudzei kuti Ndiyani waabata. Ari mafiti makumi maviri kubva kwandiri. Abata muPrisita Mukuru, ndizvozvo, uyo anokwanisa kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu. Hamuzvitendi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

354 Unotenda here, mudzimai? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Unotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti dambudziko rako nderei? [“Hongu, ndinotenda.”] Handiwe une dambudziko. Ndisisi vako. [“Ndizvozvo.”] Ane kenza. [“Hongu.”] Ndizvozvo. Usa...Tenda. Usapokane. Tora hengechepfu yauinayo kuitira iye, unoiisa paari. Tenda nemoyo wako wose. Achasunungurwa kubva mairi. [“O Jesu!”] Uchatenda nemoyo wako wose. [“Maita henyu, Jesu.”] Chidzika hako. Uh-huh.

355 Ivai nokutenda. Munotenda here nomoyo wenyu wose? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Wabva papuratifomu. Wave muungano.

356 Mumwe mudzimai muduku, mutete agere kumashure-shure *uko*, ane TB. Agere kumashure uko, ari kunamata. Unotenda here kuti Mwari vachakupodza? Unotenda? Mudzimai muduku akanyatsotarisa zvakananga kuno, kumashure-shure. Simudza ruoko rwako, kumashure uko, mudzimai, ari kumashure chaiko kwemurume uyo ari kutendeuka. Tenda nemoyo wako wose. Hongu. Mudzimai muduku, akagera vhudzi. Zvakanaka. Ndizvo chaizvo. Zvitende, zvatopera.

357 Chii chaabata, kumashure-shure uko? Ndinokupikisai kuti muzvitende.

358 Ko iwe, mudzimai? Unotenda here kuti dambudziko iro remusana rakusiya, kubvira pawanga wakamira pano? Zvakanaka, zvino, chienda hako. Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita. [Hanzvadzi inoti, “Maita henyu, Jesu.”—Mupepeti.] Tenda nezvose zviri mauri.

359 Wanga uine chinhu chimwecho. Saka kana ukangotenda, ingoramba uchifora mberi, uchiti, “Maita heNyu, Ishe. Podzai.” Tenda nemoyo wako wose.

360 Uri kutya kuti ucharemadzwa negomarara. Hauisi here? Saka kana uchitenda, tenda nemoyo wako, enda. Tenda nemoyo wako wose, uye upore. Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita, kutenda.

361 Munotenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ko kune vamwe venyu imi vanhu vari mukati umo? Muri here mukutenda, muchitenda?

362 Ko kana ndikakuudza kuti Jesu akupodza, umire ipapo, ungazvitenda here? [Hanzvadzi inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chingotanga kufambira mberi, waona, uchitenda nemoyo wako wose.

363 Unoda here kuenda kumba, unodya kudywa kwako kwamanheru? Unotenda kuti kunetseka kwemudumbu mako kwakusiya? Chienda mberi, unodya kana uchida. Tenda.

Munotenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

364 Ko mudzimai akagara neche uko, ari kunamatira uyo muduku. . . Mwana uyo ane dambudziko reropa? Unotenda here kuti Mwari vachapodza mwana uyu? Zvakanaka, unogona kuzviwana.

365 Zvarova mudzimai uyo, ari chaipo—chaipo pedyo newe apo. Agere apo ari kunamatira dambudziko rekuhuta-huta, ndizvozvo, pedyo newe. Uyezve, une hanzvadzi ine dambudziko repfungwa. Ndizvozvo. Una amai vane ziso risina kuita zvakanaka. Chitenda nemoyo wako wose, Mwari achavapodza. Amen.

366 Munotenda? [Ungano inoti, “Ameni,” uye vanopembera—Mupepeti.]

367 Ko iwe uri neche kuno uku, uri muhwiricheya? Unotenda here? Uyo mwanakomana wako agere apo, achangozviturea zvino. Uyo mwanakomana wako. Une kenza kumeso kwako. Une dambudziko rekunzwa. Uri kutsvaka rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ndizvozvo. Kana ukazvitenda nemoyo wako wose! Unovatendera here, mwanakomana? Unozvitenda nemoyo wako wose? Vaudze munzeve yavo. Isa ruoko rwako pamusoro pavo, kuti vagamuchire rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene.

368 Munotenda here kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi? [Ungano inopembera—Mupepeti.]

369 Munotenda here kuti Mhesiya, Mhesiya mukuru waMwari, anofamba pakati pevanhu vaKe? [Ungano inopembera—Mupepeti.]

370 Mungada here kusiya zvole mugoMutevera? [Ungano inopembera—Mupepeti.] Kana muri kuda, simudzai maoko enyu kwaAri, moti, “NdichaMutevera. NdichaMutevera. NdichaMutenda. Shoko rose raAnotaura, ndichaMutenda. Ndichatwasanudza upenyu hwangu. NdichaMushandira.” Mwari vave nengoni! Mwari vakuropafadzei.

371 Vatendi vangani vari muno iye zvino? Simudza ruoko rwako. [Ungano inopembera—Mupepeti.]

372 Vangani vanoda kuswadera pedyo naYe? Simudza ruoko rwako. [Ungano inopembera—Mupepeti.] Vose avo vanoda kuswadera pedyo naYe pamwe nokuMugamuchira iye zvino, Ari ipo pano. Uhu ndiwo Hupo hwaKe.

373 Murume uyo ari shure uko ane dambudziko reprostete, zvapera, hama. Mwari vachangokupodza izvozvi.

374 Ko nhai, Uri kungoenda kwese-kwese sezvizvi, muChiedza, uchitenderera kwese-kwese mumba muno. Chese-chese chinogona kuitika iye zvino. Tinogona kuva neimwe pentecosti, kana mukangozvitenda. [Ungano inopembera—Mupepeti.]

375 Simukai netsoka dzenyu, mumwe nomumwe wenyu. Simudzai maoko enyu kuna Mwari. Murumbidzei. [Ungano inopembera zvikuru pamwe nokunamata—Mupepeti.]


376 Mazvita heNyu, Ishe Jesu. TinoKunamatai, Baba, nokuti Imi muri Muponesi wedu naMwari wedu. Muri pano. Masimbisa Shoko. MaRiratidza kuti ndiro. Muri Mwari, Mhesiya, mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Pasina kukundika, pasina kupokana, Muri Ishe Jesu mumwe chete. Zita raKe dzvene ngarirumbidzwe!

377 MunoMuda here? Itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni,” pamwe nokupembera—Mupepeti.]

378 Vangani venyu vari vatendi iye zvino? Simudza ruoko rwako. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, Jesu akataura izvi, pachaKe, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Handini ndoga ndine Mweya Mutsvene. Imi munaWo, zvakare. Uri mutendi, zvimwe sezvandi mutendi. Zvino siya kupokana kwako kwese.

379 Isa ruoko rwako pane mumwe munhu ugotenda kuti Mwari vachapodza munhu iyeye, zviri maererano neShoko raVo. Kana vakachengeta zvemhando iyi...Iwe isa ruoko rwako pane mumwe munhu, wochimunamatira, uchiti, “Ishe, podzai munhu uyu.” Namata ugoona zvinoitika. Uri mutendi. [Ungano inopembera pamwe nokunamata—Mupepeti.]

³⁸⁰ Mwari Samasimba, nemuZita raJesu Kristu takunda dhiyabhorosi. Tamutsiura, nokukwachura simba rake kubva kwaari. Nemavanga aIshe Jesu Kristu tapodzwa.

[Ungano inoenderera mberi ichipembera pamwe nokunamata—Mupepeti.] 

KUSIYA ZVOSE SHO62-0123
(Forsaking All)

Mharidzo iyi naWilliam Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chipiri manheru, 23 Ndira, 1962, paSunnyslope Assembly Of God muTempe, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org